# Адыгэ макъ

№ 12 (19526)
2010-рэ илъэс
БЭРЭСКЭЖЪЫЙ
ЩЫЛЭ МАЗЭМ и 27-рэ

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИIЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет







Сурэтыр А. Гусевым тырихыгъ.

# ГРИППЫМ ПЭШIУЕКIОГЪЭНЫМ ПАЕ КЪЭРАЛЫГЪОМ ЩЫЗЭШIУАХЫРЭР

***УФ-м ивице-премьерэу Виктор Зубковым тыгъуасэ видеоконференцие зэхищагъ. Зэпахырэ узэу «свиной грипп» зыфаIорэмрэ охътэ гъэнэфагъэм къежьэрэ гриппымрэ апэшIуекIогъэным пае къэралыгъом щызэшIуахыгъэ Iофыгъохэм, мы лъэныкъомкIэ субъектхэм джырэ лъэхъан Iоф зэрашIэрэм Iофтхьабзэр фэгъэхьыгъагъ. Ащ хэлэжьагъ Адыгэ Республикэм и Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан.***

Виктор Зубковым къызэрэхигъэщыгъэмкIэ, зэпахырэ узхэр профилактикэ шIыгъэнхэмкIэ УФ-м и Правительствэ унашъоу ыштагъэхэм яшIогъэшхо къэкIуагъ. Джырэ лъэхъан дунаир нахь зыгъэгумэкIырэ «свиной гриппым» пэшIуекIогъэным пае тикъэралыгъо Iэзэгъу уц зэфэшъхьафи 4 къыщыдагъэкIынэу рагъэжьагъ. Мы узыр нахь шIэхэу къанэсыным ищынагъо зышъхьарыт цIыф купхэр, «группа риска» зыфаIохэрэр, вакцинацие ашIых. А Iофыр тапэкIи лъагъэкIотэщт. Вице-премьерым къызэриIуагъэмкIэ, тикъэралыгъо къыщыдагъэкIырэ Iэзэгъу уцхэм афаехэу IэкIыб къэралыгъо пчъагъэхэм Урысыем зыкъыфагъэзагъ. Ау тэ тицIыфхэр вакцинацие шIыгъэнхэр зэкIэми апшъэу щытын зэрэфаер ащ къыгъэнэфагъ. «Свиной» ыкIи «сезоннэ» гриппхэм апкъ къикIыкIэ цIыфыбэмэ ядунай зэрахъожьыгъэр, мы узхэр къызэутэкIыгъэхэм япчъагъэ зэрэмымакIэр къыдалъытэзэ, субъектхэм яIофшIэн нахь чанэу зэхащэн фаеу пащэм ылъытагъ.

Нэужым УФ-м исанитар врач шъхьаIэу гущыIэр зыштэгъэ Геннадий Онищенкэр непэрэ мафэхэм яхъулIэу къэралыгъом исубъект пэпчъ мы лъэныкъомкIэ зэшIуихыгъэм, Iофыр зыщынахь дэй шъолъырхэм пшъэрылъэу зыфагъэуцужьын фаехэм, нэмыкIыбгъухэми къащыуцугъ. ГумэкIыгъор джыри къытшъхьэщыт нахь мышIэми, УФ-м и Правительствэ, шъолъырхэм агъэцэкIэгъэ профилактическэ Iофтхьабзэхэм яшIуагъэкIэ, Iофхэм язытет нахьышIум зэрэфиузэнкIыгъэр къыхигъэщыгъ.

Гриппым нахь зызыщиушъомбгъугъэ субъектхэм лъапсэу афэхъугъэр ыкIи гумэкIыгъор дэгъэзыжьыгъэным пае джырэ лъэхъан лъэбэкъоу ашIыхэрэм видеоконференцием хэлэжьагъэхэр тегущыIагъэх. ЦIыфхэм япсауныгъэ къэухъумэгъэным фэшI пащэхэм ыкIи структурэ зэфэшъхьафхэу мыщ фэгъэзагъэхэм яIофшIакIэ нахь агъэлъэшынэу В.Зубковым унашъо къафишIыгъ.

Iофтхьабзэм къызэрэщынэфагъэмкIэ, гриппым пэшIуекIогъэнымкIэ ыкIи игъом цIыфхэр вакцинацие шIыгъэнхэмкIэ Адыгеир анахь шъолъыр дэгъухэм ясатыр хэт.

— Гриппым зиушъомбгъуным ищынагъо Адыгеим къызышъхьащэуцом, ащ тыпэшIуекIоным пае правительствэ комиссие псынкIэу зэхэтщэгъагъ, — къыIуагъ Iофтхьэбзэ ужым зэфэхьысыжьхэр къышIызэ ТхьакIущынэ Аслъан. — Республикэм игъэцэкIэкIо органхэр, медицинэм, Роспотребнадзорым, нэмыкI структурэхэм ялIыкIохэр зэгъусэхэу Iофышхо ашIагъ, ащкIэ ахэм лъэшэу сафэраз. ТиIофшIагъэхэмкIэ Урысыем ишъолъыр анахь дэгъухэм ащыщ тыхъугъ.

АР-м псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэу Натхъо Разыет къызэриIуагъэмкIэ, «свиной гриппым» ыкIи охътэ гъэнэфагъэм къежьэрэ гриппым апэшIуекIогъэным пае республикэм ищыкIэгъэ Iэзэгъу уцхэр зэкIэ иIэх. «Свиной» гриппыр тицIыфхэм къямыузыным пае мэзэе мазэм ехъулIэу Адыгеим щыпсэурэ нэбгырэ мин 15-м ехъумэ джыри вакцинэ ахалъхьащт.

Видеоконференцием кIэух зэфэхьысыжь фэпшIымэ, анахь шъхьаIэу къыхэбгъэщын фаер къэралыгъом мы гумэкIыгъом идэгъэзыжьын ынаIэ зэрэтетыр ары. Ау зитемпературэ дэкIоягъэхэр зипкъынэ-лынэ къэузыгъэхэр ежь-ежьырэу «тызэIэзэжьы» аIоу унэм исыхэ хъущтэп. ШъуипсауныгЪэ изытет зэщыкъуагъэмэ, псынкIэу медицинэм иIофышIэхэм зафэжъугъаз, зы мафэми мэхьанэшхо иI. ЕтIани зыщышъумгъэгъупш «свиной грипп» зыфаIорэмрэ илъэс къэс охътэ гъэнэфагъэм къежьэрэ гриппымрэ янэшанэхэр зэрэзэфэдэхэм къыхэкIыкIэ, ахэр ор-орэу зэтепфынхэ зэрэмылъэкIыщтхэр. Узэу цIыфым иIэр ыкIи ащ узэреIэзэн плъэкIыщт амалэу щыIэхэр къэзыгъэнэфэн зылъэкIыщтхэр специалистхэр арых.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

# АДЫГЭ РЕСПУБЛИКЭМ И ПРЕЗИДЕНТЭУ А. К. ТХЬАКIУЩЫНЭМ ФЭКIО

## Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Тэ, заомрэ IофшIэнымрэ яветеранхэм, къуаджэу Хьалъэкъуае щыпсэухэрэм ацIэкIэ Адыгэкъалэрэ къуаджэу Хьалъэкъуаерэ лъэшэу унаIэ зэратебгъэтырэм фэшI «тхьауегъэпсэу» отэIо. Къуаджэм июбилей хэдгъэунэфыкIы зэхъум тадэжь укъызэрэкIуагъэм тимэфэкI къыгъэдэхагъ. Сомэ миллионэу къытэптыгъэмкIэ Вологодскэ заводым икъутамэу Адыгэкъалэ дэтым тикъуаджэ фельдшер-акушер пункт дэгъу щигъэпсыгъ. Мы Iофтхьабзэм кIэщакIо фэхъугъэр къалэм ипащэу Н. Н. Хьатэгъур ары.

Мы аужырэ илъэс 50-м къыкIоцI къэралыгъом тикъуаджэ мы зы унэр ары щигъэпсыгъэр. Къуаджэм щыпсэухэрэр ащкIэ къызэрэпфэразэхэр отэIо, о Iофэу епхыжьагъэм нэмыкIхэр къызэрэкIэлъыкIощтхэм, тикъуаджэ исоциальнэ-экономикэ щыIэныгъэ нахьышIу зэрэхъущтым тицыхьэ телъ.

Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ Президентыр, псауныгъэ пытэ, насып уиIэнхэу, Урысыемрэ Адыгеимрэ нахь фэшIыгъэ хъунхэм пае IэнатIэу узыIутым уигухэлъхэр зэкIэ къыщыбдэхъунхэу тыпфэлъаIо. Опсэу, отхъэжь!

***Къуаджэм щыпсэухэрэм ацIэкIэ заомрэ IофшIэнымрэ яветеранхэу А. А. ТхьалI, Хь. Хь. Хъуадэ, А. Хь. ЛIыхас, Ш. И. Хъуадэ, З. У. КIыргъ, М. А. Дэгумыкъу, М. Е. Апыщ, Хь. У. КIыргъ.***

***

## Лъытэныгъэ зыфэтшIырэ Аслъан Кытэ ыкъор!

Адыгэкъалэ игурыт еджапIэу N 2-м чIэсхэм илъэсыкIэр къимыхьэзэ шIухьафтын шIагъо афашIыгъ. Гурыт еджапIэу N 2-м икIэлэеджакIохэри икIэлэегъаджэхэри лъэшэу ыгъэгушIуагъэх агъэцэкIэжьыгъэ яеджапIэ зэрагъэзэжьыгъэм. КIэлэцIыкIу IыгъыпIэу N 1-у гъэцэкIэжьын IофшIэнхэр зэрашIылIагъэри къызэIуахыжьыгъ.

Кризисым илъэхъан социальнэ мэхьанэшхо зиIэ псэуалъэхэр агъэцэкIэжьынхэмкIэ зишIуагъэ къэкIуагъэр Адыгэкъалэ о унаIэ зэрэтебгъэтырэр, къалэм ипащэу Хьатэгъу Налбый Нухьэ ыкъор гъэцэкIэжьын IофшIэнхэм зэрагъэгумэкIыщтыгъэр ары.

КъыткIэхъухьэрэ ныбжьыкIэхэм ягъэсэныгъэ зыкъегъэIэтыгъэнымкIэ амалэу арагъэгъотыгъэхэм къэлэдэсхэр егъэразэх.

УкъызэрэтфэгумэкIырэм ипэгъокIэу кIэлэцIыкIухэм гъэсэныгъэ дэгъу ягъэгъотыгъэным, цIыф дэгъухэр пIугъэнхэм ткIуачIэ етхьылIэщт. Тигупсэ Адыгеимрэ Урысыемрэ нахь дахэ хъунхэм пае уиIофшIэн гъэхъагъэхэр щыпшIынэу пфэтэIо!

***КIэлэеджакIохэр, кIэлэегъаджэхэр, ны-тыхэр.***

# МЫ ИЛЪЭСЫМКIЭ АПЭРЭ ЗЭХЭСЫГЪО ИIАГЪ

***АР-м иминистрэхэм я Кабинет щылэ мазэм и 25-м мы илъэсымкIэ апэрэ планернэ зэхэсыгъо иIагъ. Ар зэрищагъ Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат. Iофыгъохэм атегущыIэнхэр рамыгъажьэзэ, АР-м экономикэ хэхъоныгъэхэмкIэ ыкIи сатыумкIэ иминистрэ иIэнатIэ ыгъэцэкIэнэу агъэнэфэгъэ ЛIыхэсэ Мыхьамодэ зэхэсыгъом хэлажьэхэрэр нэIуасэ фишIыгъэх. БлэкIыгъэ илъэсым зэкIэми Iофэу ашIагъэр зыщызэфахьысыжьыщт, къихьащт илъэсым шIэгъэн фаехэм зыщатегущыIэщтхэ игъэкIотыгъэ зэхэсыгъо охътэ благъэм зэрэзэхащэщтыр, непэрэ зэхэсыгъом къыщаIэтыщтхэми нахь игъэкIотыгъэу къызэрафагъэзэжьыщтыр Правительствэм ипащэ къыIуагъ.***

IофшIапIэ зимыIэу къэнагъэхэм ар ягъэгъотыгъэным фэгъэхьыгъэ программэхэр гъэцэкIагъэхэ зэрэхъугъэм апэу тегущыIагъэх. Премьер-министрэм игуадзэу Алексей Петрусенкэм къызэриIуагъэмкIэ, Iоф ышIэным зыныбжь нэсыгъэу республикэм исым ипроценти 2,5-р ары непэ IофшIапIэ зимыIэр. Кризисым ыпкъ къикIыкIэ IофшIапIэ имыIэу къэнагъэхэм ягъэгъотыгъэным фэгъэхьыгъэ программэм къыдилъытэу блэкIыгъэ илъэсым ащ пэIуагъэхьан фэягъэр сомэ миллиони 124-рэ. Ар икъоу гъэцэкIагъэ хъугъэ. ЦIыфхэм IофшIапIэ ягъэгъотыгъэнымкIэ Гупчэм илIыкIо Iофхэм язытет кIэкIэу къыIотагъ. Ащ иджэуапэу къоджэ псэупIэхэм адэсхэм IэпыIэгъоу аратышъущтыр икъоу альагъэIэсыным фэшI, нахь апэблагъэхэу Iоф адашIэмэ, чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыпIэ органхэм япащэхэр мы Iофым нахь лъэшэу къыхэгъэлажьэхэмэ ащIэрэм нахьыбэу федэ къызэрихьыщтыр КъумпIыл Мурат къыхигъэщыгъ.

Медицинэ Iофыгъохэм, анахьэу гриппым ыкIи ОРВИ-м, афэгъэхьыгъэу АР-м псаунығэр къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэу Натхъо Разиет къэгущыIагъ. Ащ къызэриIуагъэмкIэ, щылэ мазэм и 18-м къыщублагъэу гриппыр къызэолIагъэр нэбгырэ 1395-рэ мэхъу. ТапэкIэ джыри ОРВИ-рэ гриппымрэ яятIонэрэ «къэкIогъу» щыIэнэу енэгуех. Мы узхэм узэряIэзэщт Iэзэгъу уцхэр аптекэхэми сымэджэщхэми икъоу зэраIэкIэлъхэр министрэм къыхигъэщыгъ. Правительствэм ипащэ иупчIэ иджэуапэу блэкIыгъэ илъэсым республикэм къихъуагъэм нахьи зидунай зыхъожьыгъэр шъэ пчъагъэкIэ зэрэнахьыбэр къыIуагъ. А зэпстэури зэфахьысыжьынышъ, къызыхэкIырэр, хэпшIыкIхьан плъэкIыщтыр зэхафынэу Премьер-министрэм къариIуагъ.

— ЗэшIотхырэ пстэури цIыфхэм ящыIакIэ нахьышIу хъуным, хахьо тиIэ зэпытыным фэгъэзагъэшъ, къытхахьорэм нахьи тхэкIырэр нахьыбэ зыкIэхъурэр зэхэтфынышъ, амалэу иIэмкIэ нахьышIу зэрэхъущтым тыдэлэжьэн фае, — къыIуагъ ащ.

Хэгъэгу зэошхом иветеранхэм псэупIэхэр зэраратыхэрэми зэхэсыгъом щытегущыIагъэх. IофшIэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэхэмкIэ министрэм Iофхэм язытет къызэIуатэм ыуж, Iофыгъоу щыIэхэм язэшIохын агъэпсынкIэнэу, охътэ благъэм спискэр хьазыр къашIынэу къафигъэпытагъ. ПсэупIэ-коммунальнэ хъызмэтым ылъэныкъокIэ ащ фэгъэзэгъэ министрэу Валерий Картамышевыр къызэгущыIэм къызэриIуагъэмкIэ, этажыбэ хъурэ унэхэм ягъэцэкIэжьын пэIуагъэхьанэу ящэнэрэу къатIупщыгъэ ахъщэмкIэ зэшIуахыгъэ Iофхэм щыкIагъэу афэхъугъэхэр мы мафэхэм агъэтэрэзыжьых, ар аухымэ япIэнэрэу къатIупщыщт ахъщэмкIэ заявкэр атыщт.

Нэужым министерствэхэр зыфэгъэзагъэхэм алъэныкъокIэ Iофэу ашIагъэм кIэкIэу ахэм япащэхэр къатегущыIагъэх. Премьер-министрэм ары пэпчъ еплъыкIэу фыриIэр къыриIотыкIыгъ, узымыгъэрэзэщтхэр къыхигъэщыгъэх. Комитетхэм япащэхэм закъыфигъэзэзэ, яIофшIэн илъэсыкIэм нахь агъэлъэшынэу, нахьыбэу федэ къызэрахьыщтым иамалхэр зэрахьанхэу къариIуагъ.

*ХЪУТ Нэфсэт.*

# БЮДЖЕТЫМ ЩЫЩ АРАТЫГЪ

**КIэлэцIыкIу муниципальнэ коллективхэу «Майкопчаночка» ыкIи «Казачата» зыфиIохэрэм республикэ бюджетым щыщ сомэ миллионитIу фэдиз аратыгъ.**

А хъугъэ-шIагъэм епхыгъагъ коллективхэм япащэхэу Къулэ Амэрбыйрэ Анатолий Уваровымрэ АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Муратэ зэIукIэгъоу адыриIагъэр. Ащ хэлэжьагъ АР-м культурэмкIэ иминистрэу Чэмышъо Гъазый.

КъэшъокIо коллективхэм япащэхэм къаIуагъ Президентэу ТхьакIущынэ Аслъан иунашъокIэ ахъщэр къызэратIупщыгъэм ыкIи къазэрэIэкIэхьагъэм пае лъэшэу зэрэфэразэхэр.

Ахъщэр коллективхэм яунэхэм язэтегъэпсыхьан пэIуагъэхьащт. Сыда пIомэ ахэм язытет дэй дэд. ГущыIэм пае, урысые ыкIи дунэе зэнэкъокъухэм ащытекIуагъэхэу, МыекъуапэыкIи адыгэхэм ацIэ чыжьэу зыгъэIурэ «Майкопчаночкэм» къэшъуакIэ зыщызэригъэшIэрэ унэр аварийнэу щытыгъ.

Къулэ Амэрбыйрэ Уваров зэшъхьэгъусэхэмрэ Iофэу кIэлэцIыкIухэм адашIэрэм республикэм ипащэхэм мэхьанэшхо зэраратырэр КъумпIыл Муратэ къыIуагъ.

— Шъо IэпэIэсэныгъэшхо зыхэлъ кIэлэегъаджэу шъущыт, кIэлэцIыкIу пэпчъ къашъом ылъэныкъокIэ хэлъ амалыр къыхэжъугъэщын ыкIи ащ хэхъонэу ежъугъэшIын шъолъэкIы. «Майкопчаночкэмрэ» «Казачатэмрэ» республикэм щызэхащэрэ Iофтхьабзэхэр къагъэдахэх. Ахэм Iоф адэпшIэным мэхьанэшхо иI, — къыIуагъ Премьер-министрэм.

Ахъщэу коллективхэм къафатIупщыгъэм А. Къулэмрэ А. Уваровымрэ алъыплъэнхэу КъумпIыл Мурат къафигъэпытагъ.

# КЪЭБАРЫКIЭХЭР

## ПСАУНЫГЪЭМ ИУЧРЕЖДЕНИЕХЭМ ЯIЭНХЭ ФАЕ

Адыгэ Республикэм псаунығэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ тызэрэщигъэгъозагъэмкIэ, цIыфхэм анахь ящыкIэгъэ ыкIи псаунығэмкIэ анахь мэхьанэ зиIэ Iэзэгъу уцхэм я Спискэ (Перечень) Урысые Федерацием и Правительствэ и УнашъокIэ тыгъэгъазэм и 30-м ыухэсыгъ. А Спискэм Iэзэгъу уц 500 хагъэхьагъ. Ахэм ащыщэу 222-р псаунығэр къэухъумэгъэнымкIэ Дунэе организацием (ВОЗ-м) ащ фэдэ Спискэу зэхигъэуцуагъэм къыхэхыгъэх, Iэзэгъу уц 278-р хагъэхъуагъ. Къыхэгъэщыгъэн фае ащ ыпэкIэ щыIэгъэ Спискэм хэмытыгъэу Iэзэгъу уц 21-рэ ыужырэм зэрэхагъэхьагъэр.

ЦIыфхэм анахь ящыкIэгъэ ыкIи псаунығэмкIэ анахь мэхьанэ зиIэ Iэзэгъу уцхэм я Спискэ хэхьэрэ Iэзэгъу уц 500-м щыщэу 76-р тикъэралыгъо къыщашIых, 261-р IэкIыб къэралыгъохэми Урысыем къащагъэхьазырых, 163-р — IэкIыб къэралыгъохэр ары ныIэп къыдэзыгъэкIыхэрэр.

Мы Iэзэгъу уцхэм я Спискэ зэхагъэуцо зэхъум, IэубытыпIэ ашIыгъэр, къызыпкъырыкIыгъэхэр псаунығэр къэухъумэгъэнымкIэ Дунэе организацием и Перечень (и Списк) ары. Илъэс къэс а Спискэм ВОЗ-р хэплъэжьы, зэхъокIыныгъэхэр фешIых, ары нэужым нэмыкI къэралыгъохэм IэубытыпIэ ашIырэр, ахэм язэкономикэ изытет емылъытыгъэу. Ау къэралыгъо пэпчъ етIанэ а Спискэм хэгъэхъожьын фешIы, ежь иамалхэм къапкъырыкIызэ. Мыщ хэхьэрэ Iэзэгъу уцхэм шIуагъэу яIэр клиническэу ушэтыгъэу, цIыфымкIэ щынэгъончъэнхэр ары якъыхэхынкIэ екIолIэкIэ шъхьаIэу щытыр.

Мы Спискэм хэхьэрэ Iэзэгъу уцхэм ауасэ къэралыгъор ары зыгъэуцурэр. Къыхэгъэхъожьыгъэн фае Спискэм хэт Iэзэгъу уцхэр зэкIэ IэзэпIэ учреждениехэм шIокI имыIэу ачIэлъынхэ зэрэфаер, нэмыкI препаратхэм афэмыдэу.

*ЖАКIЭМЫКЪО Аминэт.*

## ТИЩЫIАКIЭ ТИГЪЭРЭЗАПЭРЭП

Мыекъуапэ итыгъэкъохьэпIэ лъэныкъо щыIэ садлэжь товариществэу «Зэкъошныгъэм» кIымафэ лъэхъанми унэгъо 300 фэдиз щэпсэу. Ау псэукIэу цIыфхэм мыщ щыряIэм уигъэрэзэнэу щытэп. Унэхэр пхъэкIэ агъэфабэх, дэсхэм азыныкъом узэшъон псы къабзэ яIэп. Гъэмэфэ лъэхъаным псэу къатIупщырэр уешъоным фытегъэпсыхьагъэп. Урамхэм янахьыбэр чэщырэ къагъэнэфырэп. Урамхэу Речноимрэ Зэкъошныгъэмрэ ары асфальт зытельыр. Адрэхэм къызещхыкIэ псынжъэу ащыхъурэм нахь хэмылъэу уащызекIон плъэкIырэп. Уинасыпмэ гузэжъогъу Iоф уххэфэнэп нахь, зы цIыф къыпфыдэхьащтэп. КIымафэрэ къызесыкIэ, чэум илъэгагъэ фэдизэу осыр урамхэм ащызэтырехьэ.

Я 26-рэ маршрут таксихэр тидачэхэр къызыщежьэрэ дэхьагъэм къэщыуцух. Пчэдыжьым сыхьатыр 6-м къыщегъэжьагъэу пчыхьэм сыхьатыр 11-м нэс ахэр мэзекIох. Ау дачэхэм ахэр адахьэхэрэп. Урамэу Речноим тетэу квартали 4 горэ, псыхъоу Шъхьэгуащэ узыщынэсыщтым дэжь кIощтыгъэхэмэ, цIыфхэмкIэ дэгъугъэ.

ГъогурыкIохэм тиIоф къызыгъэпсынкIэхэрэм ащыщых я 26-рэ маршрут таксихэм язещакIохэр. КIымафэм осхьотыр зэрихьэу, зэтырилъасэу мэхъу. Iофэу ашIэрэр къин нахь мышIэми, маршруткэхэр зезыфэхэрэ водительхэм цIыфыгъэ ахэлъэу, ныбжь зиIэхэри ныбжьыкIэхэри агъэразэхэу зэращэх. АцIэ дахэкIэ къепIоныр атефэ водительхэу Мыгу Аслъанэ, Шэуджэн Эдуард, Виктор Гришиновым, ащ икIалэхэу Александррэ Валерийрэ, Андрей Медведевым. Мыхэм мафэ къэс зэращэрэ пассажирхэр лъэшэу афэразэх. ТигъашIэ къызыгъэдэхэрэ цIыф шIагъохэм ахэр ащыщых.

*БЗЭДЖЭЖЪЫКЪО Фатим.*

## МЭШIОГЪЭКIУАСЭХЭМ КЪАТЫ

**МэшIогъэкIосэ къулыкъум зэригъэунэфыгъэмкIэ, илъэсэу къихьагъэм пыкIыгъэ уахътэм къыкIоцI республикэм гъогогъу 20-рэ машIо къихъухьагъ, ахэм зы нэбгырэ ахэкIодагъ, зы нэбгырэм шъобж хьылъэхэр тещагъэхэ хъугъэ. Зэрарэу машIом къыхьыгъэр зэкIэмкIи сомэ миллиони 4-м ехъу.**

Мафэ къэс нэбгыришI пчъагъэ Урысыем машIом щыхэкIуадэ, шъобжхэр зытещагъэ хъухэрэр ащ нахьыбэжь. Электричествэр зэрыкIорэр зэрэзэщыкъуагъэм, унэхэр агъэфабэнхэм фэшI электрэхьакухэр зэрагъэфедэхэрэм, гъэстыныпхъэ зэфэшъхьафхэмкIэ агъэплъырэ хьакухэр шапхъэхэм адимыштэу зэрэшIыгъэхэм, нэмыкI хэукъоныгъабэмэ машIор къахэкIы. Статистикэм къызэригъэлъагъорэмкIэ, Адыгеим къихъухьэрэм ипроцент 77-р цIыфхэр зыщыпсэухэрэ районхэр арых къызыщыхъухэрэр.

КIымафэр джыри икIыгъэп, мэфэ фабэхэр къэсынхэкIэ охътабэ щыI, арышъ, пхъэкIэ агъэплъырэ хьакумкIэ зиунэхэр зыгъэфабэхэрэр лъэшэу фэсакъынхэ фае. Сыда пIомэ машIоу къэхъурэм инахьыбэр ахэр ары зыпкъ къикIыхэрэр. ГухэкIми, хьакухэр зэргъэпсыгъэщтхэм ыкIи зэрэбгъэфедэщтхэм шэпхъэ гъэнэфагъэу иIэхэр нахьыбэм аукъох, зэщыкъуагъэ иIэмэ агъэцэкIэжьырэп. ГущыIэм пае, хьакум чэгъэ чIыпIэ иIэ хъущтэп, ащ фэдэ фэхъугъэмэ, псынкIэу бгъэпытэжьын фае. МэшIо тэпыр къефэхымэ джэхашъом къыкIимыгъэнэным фэшI, гъучI бзыгъэ горэ Iуплъхьан фае. Ау ахэр зыгъэцакIэхэрэр макIэ. Джащ фэдэу нахь шIэхэу къызэрэзэхэнэщтым пае псынкIэу къызыкIанэхэрэр пакIэх. Ахэм машIор лъэшыщэу къызэкIагъэблэн, зэрар къыуахын алъэкIыщт. ПсынкIэу къызыкIэнэрэ псэуалъэхэр (пхъэнтIэкIухэр, столхэр, шкафхэр) хьакум пэблагъэу бгъэуцухэ хъущтэп. Ари бэмэ агъэцакIэрэп. Мыхэр ыкIи нэмыкI хэукъоныгъэхэр зэрашIыхэрэр ары тхьамыкIагъор къафэзыхьырэр.

Мы мазэм и 15-м Iофтхьабзэу «Жилище-2010»-рэ зыфиIорэм иапэрэ этап республикэм щырагъэжьагъ, гъэтхапэм и 31-м нэс ар кIощт. ЦIыфхэм япсэупIэхэм машIо къазэрэщыхъурэр нахь макIэ шIыгъэным, шапхъэхэр зыукъохэрэр къычIэгъэщыгъэнхэм ыкIи пшъэдэкIыжь ягъэхьыгъэным ар фэгъэзагъ. Iофтхьабзэр окIофэ нахьыбэу машIом зыкъыщишIэрэ псэупIэхэм адэт унэхэр инспекторхэм ауплъэкIущтых. Шапхъэхэр зыукъохэу къыхагъэщыхэрэм сомэ 500-м къыщыублагъэу сомэ 1000-м нэсэу тазыр арагъэтыщт. Джащ фэдэу чIыпIэ зыгъэIорышIэжьыпIэ органхэмрэ организацие зэфэшъхьафхэмрэ япащэхэм машIом зыкIимыштэнымкIэ шапхъэхэр зэрагъэцакIэхэрэм инспекторхэм анаIэ тырагъэтыщт. Зипшъэрылъхэр икъоу зымыгъэцэкIагъэхэр агъэпщынэщтых.

**Республикэм ис пстэуми машIом фэсакъынхэу, шапхъэхэр амыукъонхэу тыкъялъэIу. Нахьыбэр зыIэ илъыр шъоры, шъузыфэсакъыжьымэ, машIом итхьамыкIагъо къыжъунэсыщтэп. УпчIэ зиIэр, мэшIогъэкIосэ къулыкъум иIофышIэхэмкIэ имырэзэныгъэ къизыIотыкIымэ зышIоигъор УФ-м и МЧС АР-мкIэ и ГъэIорышIапIэ «ицыхьэшIэгъу телефонкIэ» (56-80-78) е Къыблэ шъолъыр гупчэм «ицыхьэшIэгъу телефонкIэ» (къ. Ростов-на-Дону, 8-863-240-66-10) къытеонхэ алъэкIыщт.**

*Татьяна ОЧКАСОВА.*

**МашIор къэмыхъуным лъыплъэгъэнымкIэ АР-м и Къэралыгъо инспектор.**

ЭКОНОМИКЭ ХЭХЪОНЫГЪЭХЭМРЭ ИНВЕСТИЦИЕХЭМРЭ



**Адыгеим имуниципальнэ образованиехэм социальнэ-экономикэ хэхъоныгъэшIухэр шIыгъэнхэмкIэ амалэу яIэхэр зэфэдэхэп. Ащ елъытыгъэу ахэр куп-купэу бгощынхэ плъэкIыщтых. ЯчIыгухэр зэрэдэгъухэм елъытыгъэу Кощхьэблэ, Шэуджэн, Джэджэ ыкIи Красногвардейскэ районхэр мэкъумэщ районхэу алъытэхэмэ ыкIи ахэм лэжьыгъэ бэгъуагъэ къащахьыжьмэ, Тэхъутэмыкъое районыр промышленнэ-псэолъэшI районэу плъытэн плъэкIыщт. Къэлэшхоу Краснодаррэ магистральнэ гъогушхохэмрэ ар зэрапэблагъэм ишIуагъэкIэ зэкIэми анахь хэхъоныгъэ инхэр иэкономикэ ешIых. ИхэхъоныгъэхэмкIэ джырэкIэ а районым кIэхьан ымылъэкIыми, Мыекъопэ районми гугъэпIэшIухэр рапхых. Промышленнэ производствэм имызакъоу, а районым хэхъоныгъэшIухэр зэришIынхэу алъытэрэр туризмэр ары. Шъыпкъэ, ащ пае къэралыгъо ыкIи унэе инвестициехэр отраслэ зэфэшъхьафхэм, анахьэу туризмэм, игъэкIотыгъэу ащыгъэфедэгъэнхэ фаеу алъытэ. Мы лъэныкъомкIэ шIагъэ горэхэр зэрэщыIэхэм ехьылIэгъэ къэбархэр къытлъэIэсых. Ау ахэм языте нахь дэгъоу нэIуасэ зыфэпшIын зыплъэкIыщтыр Iофым хэшIыкI фызиIэм къыIуатэхэрэм узядэIукIэ ары.**

**Ащ пае джырэблагъэ Мыекъопэ районым тыщыIагъ, ащ иадминистрацие ипащэу Евгений Ковалевым гущыIэгъу тыфэхъугъ. Инвестициехэр районым щыгъэфедэгъэнхэмкIэ IофшIагъэу щыIэхэм ыкIи тапэкIэ гухэлъэу зыдаIыгъхэм нахь игъэкIотыгъэу къатедгъэгущыIэ тшIоигъуагъэми, непэ районым исоциальнэ-экономикэ щыIакIэ зэрэзэхэщагъэм, къызэтынэкIыгъэ 2009-рэ илъэсым IофшIагъэу къагъэлъэгъуагъэхэм талъымыIэсын тлъэкIыгъэп. Сыда пIомэ туризмэм къытыщт закъомкIэ районым ищыIакIэ зэхащэн ыкIи социальнэ-экономикэ хэхъоныгъэшхохэр ашIынхэ зэрамылъэкIыщтыр ащ ипащэхэм къагурэIо. Сыдэу щытми, къызэтынэкIыгъэ илъэсым кIэухэу фэхъугъэхэмкIэ тиздэгущыIэн едгъэжьагъ.**

# ИНВЕСТОРХЭМ ЯЧАНЫГЪЭ ЫГЪЭРАЗЭХЭРЭП

***— Совет хабзэм илъэхъанэ зэрэщытыгъэм фэдэу, гъэхъэгъэшхохэр предприятиехэм къызэрамыгъэлъагъохэрэр ыкIи IофшIапIэхэр нахь макIэ зэрэхъугъэхэр, финанс кризисым ахэр къызэрэзэтыриIэжагъэхэр тэшIэ. Арэу щытми, шъуирайон ауж къинэхэрэм ащымыщэу къытшIошIы. Отраслэ пстэуми талъыIэсынэу гухэлъ тимыIэми, къызэтынэкIыгъэ илъэсым промышленнэ производствэм гъэхъагъэу ышIыгъэхэм тащыбгъэгъуазэ тшIоигъу. Сыда зэфэхьысыжьхэм къагъэлъагъорэр?***

— Аужырэ илъэситIум районым ипромышленнэ производствэ IофшIагъэу къыгъэлъэгъуагъэхэр ыпэрэ илъэсхэм афэдэхэп. Ащ тетэу зыкIэхъугъэр къэсымыIожьми ошIэ. Ау ащ къикIырэп продукцием икъыдэгъэкIынкIэ ыкIи иIугъэкIынкIэ прогнозэу зыфагъэуцужьыгъэхэр къэзыгъэшъыпкъэжьхэрэр, ары пакIошъ, къязыгъэхъухэрэр товаркъыдэгъэкIакIохэм ахэмытхэу. Къэмыуцухэу ыкIи къыдагъэкIыщтыгъэм къыщамыгъакIэу Iоф зышIагъэхэр ахэм зэрахэтхэм ишIуагъэкIэ 2009-рэ илъэсым районым ипромышленнэ отраслэ прогнозэу зыфигъэуцужьыгъагъэхэр проценти 100,7-у ыгъэцэкIэжьыгъэх.

***— Отраслэ зэфэшъхьафхэм ахэхьэрэ предприятиехэр районым зэритхэр ыкIи яIофшIагъэхэмкIэ ахэр зэрэзэфэмыдэхэр тэшIэ. Промышленностым иилъэс IофшIагъэхэр зэфэпхьысыжьынхэ хъумэ, сыда пчъагъэхэм нафэ къашIырэр?***

— Мыекъопэ районым ипромышленнэ комплекс зэхэтыкIэу иIэм аужырэ илъэсхэм зэхъокIыныгъэшхо фэхъугъэп. Продукциеу къыдагъэкIырэм инахьыбэр къэзышIырэр обрабатывающэ предприятиехэр ары. ГъомылэпхъэшIхэм ахахьэхэрэр пштэхэмэ, яIофшIакIэ зэфэдэу зэхэщэгъагъэ ыкIи зэкIэми кIэухышIухэр къагъэлъэгъуагъэх пIон плъэкIыщтэп. Непэ а отраслэм пэрытныгъэр щызыIыгъхэм ащыщых ООО-у «Вагрус», ООО-у «Юг-Вино», ООО-у «Агро-Нова», хьалыгъугъэжъэ предприятиеу «Тульскэр». ЗэкIэми тэшIэ гъомылэпхъэшI предприятиехэм кризисым ифэмэ-бжьымэ нахь макIэу къазэрэлъыIэсыгъэр ыкIи къашIыхэрэм щэфакIохэр мыдэеу къазэрэкIэупчIэхэрэр. Ащ ишIуагъэкIэ отраслэм хахьэхэрэм продукцием икъэшIынкIэ ыкIи иIугъэкIынкIэ прогнозэу зыфагъэуцужьыгъагъэхэр проценти 116,3-у агъэцэкIэжьыгъэх. Пчъагъэхэр ащи нахьыбэнхэ ылъэкIыщтыгъэ ЗАО-у «Санэ», ООО-у «Бади», ООО-у «Экокор» зыфиIохэрэм къыдагъэкIыгъэм ибагъэ къащагъэкIэн фаеу мыхъугъагъэмэ.

***— Псэолъапхъэхэр къэзышIырэ предприятиехэри шъуирайон итых. Ыпэрэ илъэсхэм ябгъэпшэн хъумэ, псэолъэшI индустрием хахьэхэрэм яIофшIакIэ сыда уасэу фэпшIын плъэкIыщтыр?***

— Псэолъапхъэхэр къэзышIырэ предприятиехэу заулэ тирайон ит. Ахэм ащыщых ЗАО-у «Кужорскэ чырбыщгъэжъэ заводыр», ООО-у заводэу «ЖБИ»-р, ООО-у «ГъучIбетон», ООО-у «Майкопгипсстрой» зыфиIохэрэр. 2009-рэ илъэсым ахэм сомэ миллион 64-рэ мин 65-рэ зыосэ продукцие къыдагъэкIыгъ, зэпхыныгъэхэр зыдыряIэхэ щэфакIохэм алъагъэIэсыгъ. Ау прогнозэу зыфагъэуцужьыгъагъэхэр икъоу агъэцэкIэжьыгъэхэп. КъыдагъэкIыгъэм ыкIи IуагъэкIыгъэм ибагъэ процент 94,4-м шIокIыгъэп. Пхъэм хэшIыкIыгъэ продукцие къэзышIырэ предприятиехэу районым итхэми зэфэдэу Iоф ашIэн алъэкIыгъэп, къыдагъэкIыхэрэм къазэрэкIэупчIэхэрэр зэрэзэфэмыдагъэм ыкIи илъэсым къыкIоцI IофшIэгъу уахътэр агъэкIэкIзэ лэжьэнхэ фаеу хъугъэхэр зэрахэтыгъэхэм ыпкъ къикIэу. А отраслэм пэрытныгъэр щиIыгъ унэхэм ахагъэуцорэ пчъэхэр къыдэзыгъэкIырэ ООО-у «Лидер» зыцIэм. 2008-рэ илъэсым а предприятиер зэрагъэкIэжьыгъагъэм, къашIыхэрэр ядэгъугъэкIэ бэдзэршIыпIэм щынэкъокъонхэ зэралъэкIырэм ишIуагъэкIэ дэгъоу къакIэупчIэх. КъэIогъэн фае районым а иотраслэ къыщыдагъэкIырэм ипроцент 70-р а фирмэм къызэригъэхьазырырэр. Джащ ехьщырэу зэхэщэгъагъэ адрэ отраслэхэу зыцIэ къесымыIуагъэхэм яIофшIакIи. Зэрэпсаоу пштэн хъумэ, районым ипромышленнэ производствэ кIуачIэу иIэм лъыкIигъэхьагъэп дунэе финанс кризисым къытыгъэ къиныгъохэу къалъыIэсыгъэхэм апкъ къикIэу.

***— Игъоу олъэгъумэ, инвестиционнэ IофшIэныр зэрэзэхэщагъэм джы тытегъэгущыI. Илъэс пчъагъэ хъугъэ Мыекъопэ районым туризмэм хэхъоныгъэ щегъэшIыгъэн фаеу ыкIи инвесторхэр къыхэмылажьэхэу а гухэлъышIур зэшIопхын умылъэкIыщтэу заIорэр. Ау лъэкI зиIэхэм ямылъку районым щагъэлэжьэным тегъэнэцIыхьэгъэнхэм пае апэрапшIэ инфраструктурэр гъэпсыгъэн фае. А лъэныкъомкIэ шIагъэ горэхэр щыIэхэу къытшIошIы.***

— АпэрапшIэ къасIо сшIоигъу гугъапIэхэр зэтпхыхэрэ инвесторхэм тапэрэ илъэсхэм гупсэф къытатыщтыгъэп пIоми хъунэу щытыгъ нахь мышIэми, къызэтынэкIыгъэ илъэсым финанс кризисым ыпкъ къикIэу зыкъагъэлъэгъуагъэп пIоми хъунэу зэрэщытыгъэр. Арышъ, социальнэ-экономикэ хэхъоныгъэхэр шIыгъэнхэм ыкIи ифэшъошэ инфраструктурэ гъэпсыгъэным пае тэ апэрапшIэ гугъапIэхэр зэтпхыхэрэр Федеральнэ программэу «Урысыем и Къыбл» зыфиIорэр ары. Ащ тегъэпсыкIыгъэу тирайон макIэп щызэшIуахыгъэр. ГущыIэм пае, туризмэм хэхъоныгъэхэр егъэшIыгъэнхэм пае инфраструктурэр бюджет мылъкукIэ тэгъэпсы. Щысэхэм салъымыхъужьэу зыцIэ къесIон слъэкIыщтхэр щыIэх. Ахэм ащыщ кIочIэ лъэш зиIэ газрыкIуапIэу поселкэу Красноoктябрьскэм дэжькIэ къыщыхащыгъэр ыкIи поселкэу Каменномостскэм къылъагъэIэсыгъэр. Джащ фэдэу гъэпсыгъэ зашъохэрэ псыр псэупIэхэм алъыгъэIэсыгъэнри. Ахэм яшIуагъэкIэ туристическэ комплексэу «Хьаджэхъу» игъэпсын нахь дэгъоу зэхэщагъэ хъущт. Ащ дыкIыгъоу поселкэм исоциальнэ-экономикэ щыIакIи хэхъоныгъэхэр ышIынхэ ылъэкIыщт. Мыщ дэжьым къыщыIуагъэмэ хъущт ащ щыпсэухэрэр зыгъэгумэкIыхэрэ лъэныкъохэр зэрэщыIэхэм ыпкъ къикIэу, Адыгэ Республикэм и Президент тIогъогогъо къызэрэкIогъагъэр, поселкэм щыпсэухэрэм зэраIукIэгъагъэр. КIэкIэу къэпIон хъумэ, Адыгэ Республикэм и Правительствэрэ район администрациемрэ аIэ зэкIэдзагъэу инфраструктурэр гъэпсыгъэным дэлажьэх.

Джащ фэдэу туристическэ объектхэм якIолIэрэ гъогухэр гъэпсыгъэнхэм, объектхэм электричествэр ящэлIэгъэным япхыгъэ IофшIэнхэр къэралыгъо мылъкур ахатлъхьэзэ зэшIотэхых. Туризмэм иобъектхэм илъэсым сыдигъорэ ипIалъи якIолIэнхэ алъэкIынэу гъэпсыгъэнымкIэ, джащ фэдэу туркомплексэу «Ошъутенэ» ишIын инвесторхэр кIэгушIухэзэ ямылъку хягъэлъхьэгъэнымкIэ а Iофыгъохэм яшIуагъэ къэкIощт. Джа къэсIогъэ IофыгъуитIумэ хэхъоныгъэхэр ашIыхэу зырагъажьэкIэ, ахэм япхыгъэу районым ищыIакIэ адрэ илъэныкъохэми зэхъокIыныгъэшIухэр афэхъущтых.

***— Инвесторхэм шъуазэрадэлэжьэрэ шIыкIэм ыкIи ахэм агъэпсырэ объектхэм ягугъу къэпшIын плъэкIыщта?***

— Туризмэ отраслэм ыкIи производствэм ащылэжьэрэ предпринимательхэм аужырэ илъэситIум инвестиционнэ зэзэгъыныгъэ бэкIае адэтшIыгъ. ГущыIэм пае, ООО-у «Лагуна страусов» зыфиIорэм дэтшIыгъэ зэзэгъыныгъэм туристическэ объектитIурэ къушъхьэм зэрэдэкIоехэрэ подъемникрэ ыгъэпсынхэу егъэнафэ. Коттедж шIыкIэм тегъэпсыкIыгъэ унитIоу ащ ыгъэпсыщтхэр нэбгыри 120-рэ ащыпсэунхэм телъытагъэх. Станицэу Даховскэм дэжькIэ щашIыщт подъемникым метрэ 700 фэдиз икIыхьэгъэщт. АщкIэ дэкIуаехэзэ, къушъхьэ лъагэм тетхэу туристхэм а Iэгъо-благъом идэхагъэ зэрагъэлъэгъун алъэкIыщт. ДжырэкIэ а чIыпIэм нэмыкI псэуалъэ щашIынэу дгъэнэфагъэп, ау пIалъэ тешIэмэ хьакIэщи къыщызэIуахыныр къыдыхэт.

Къалэу Санкт-Петербург къикIыгъэ ООО-у «Приоритет -Группа» зыфиIорэм зэзэгъыныгъэу къыддишIыгъэм нэбгырэ 80-м телъытэгъэ турбазэ районым щигъэпсынэу егъэнафэ. Проектым игъэхьазырын зыфежьэхэм къызэраIуагъэмкIэ, хьакIэщыр чIыпIи 100-м телъытагъэу агъэпсы ашIоигъу. Ар зыщашIыщт чIыпIэр афэдгъэнэфагъ.

Ростов щыщ организациеу «Лагонаки-Инвест» зыцIэм туркомплексэу «Хьаджэхъу» епхыгъэ гъогубгъу сервис ыгъэпсынэу зэзэгъыныгъэ къыддишIыгъ. Автотранспортыр зыщагъэуцущт чIыпIэр, тучан, зыгъэпсэфыпIэ комплекс ыкIи мыинэу хьакIэщ ашIыщт.

ООО-у «Лесная сказка» зыцIэу къалэу Москва къикIыгъэм гухэлъыбэмэ атегъэпсыкIыгъэ унэ комплексэу чIыпIэ 49-м телъытагъэр ыгъэпсыщт. ЧIыгу гектар 29-рэ аIэ къырагъэхьаным ехьылIэгъэ конкурсэу зэхэтщэгъагъэм ахэм текIоныгъэр къыщыдахыгъ. Ар мэкъумэщ мэхьанэ зиIэ чIыгухэм ахахьэщтыгъэшъ, джы чIыгур ахэм къахэхыжьыгъэным ыкIи псэолъэшIыным телъытагъэу гъэпсыжьыгъэным ыуж итых. Ащ дыкIыгъоу проектхэм ягъэхьазырыни Iоф дашIэ.

***— Мы къэпIуагъэхэм анэмыкI инвестиционнэ площадкэ гъэнэфагъэхэр шъуиIэха? Ащ тыкъыкIэупчIэн фаеу къэзышIыгъэр къалэу Шъачэ щыкIогъэгъэ экономическэ форумым Адыгеим ирайонхэм ащ фэдэ площадкэхэр къызэрэщагъэлъэгъогъагъэм тыщыгъуазэшъ ары.***

— Непэ ехъулIэу ащ фэдэ площадкитф тиI. Бэ темышIэу ахэр аIэ къырагъэхьанхэм ехьылIэгъэ аукцион зэхэтщэн тыгу хэлъ. А площадкэхэм зыкIэ ащыщ Каменномостскэ поселкэ коим хэхьэрэ къутырэу Веселэм дэжькIэ щылъ чIыгоу гектарибл хъурэр. Ямылъку щагъэфедэным инвесторхэр кIэгъэгушIугъэнхэм пае, а чIыпIэм электричествэр етэщалIэ, нэмыкI IофшIэнхэр щытэгъэцакIэх. Джащ фэдэ площадкэ мыинхэр поселкэу Тульскэм дэжькIи щыдгъэнэфагъэх. Ахэр гъогубгъу комплексхэр ащыгъэпсыгъэнхэм телъытагъэх.

***— Зэхэтхыгъэ унэе хьакIэщхэр гъэпсыгъэнхэм Мыекъопэ районым зыщиушъомбгъоу зэриублагъэр. Районым исоциальнэ-экономикэ щыIакIэ зыкъегъэIэтыгъэным ахэри хэбзэIахьхэмкIэ къыхэлэжьэнхэу, джащ фэдэу зызыгъэпсэфынэу къакIохэрэм сатыу ыкIи нэмыкI фэIо-фашIэхэу афагъэцакIэхэрэм атехъорэ хэбзэIахьхэми яшIуагъэ къэкIощтэу къытшIошIы.***

— ХэгъэунэфыкIыгъэмэ хъущт унэе хьакIэщхэр зычIэсхэ унэхэм ахэшIыкIыгъэнхэм унэгъо бэкIае зэрэпыхьагъэр. Анахьэу ар зэплъэгъулIэщтхэр поселкэу Каменномостскэмрэ Даховскэмрэ. Ащ нэмыкIэу фирмэу «Рататур» зыцIэм псыкъефэххэм апэмычыжьэу хьакIэщ щегъэпсы.

***— Зэхэубытагъэу пштэн хъумэ, туризмэм епхыгъэ инвестициехэр районым щыгъэфедэгъэнхэр зэрэзэхэщагъэм уигъэрэзэн ылъэкIыщта?***

— Дунэе финанс кризисым иегъэшхо къэкIуагъ. Тапэрэ илъэсхэм инвесторхэм чаныгъэу ахэлъыгъэм хэпшIыкIэу къыкIичыгъ. ЧIыгу фаехэм, зимылъку районым щагъэфедэ зышIоигъохэм ячэзыухэр 2008-рэ илъэсым сиегъэблэгъапIэ щызэтеоштыгъэхэмэ, къызэтынэкIыгъэ илъэсым зыми зыкъызэримыгъэлъэгъуагъэм, джащ фэдэу зэзэгъыныгъэ къыддэзышIыгъэхэр пыкIосыкIыжьхэу зэриублагъэм тигъэрэзэн ылъэкIырэп. Iуагъэ къыддэзышIыгъэхэм ащыщхэм къаIо проектхэм ягъэхьазырын зэрэдэлажьэхэрэр, ау нэкIэ плъэгъун плъэкIыщтыр джырэкIэ бэп. ЗэкIэри тапэкIэ къэхъущтыр амышIэу ежэ фэдэх.

***— Тхьауегъэпсэу уахътэ къыхэбгъэкIи тиупчIэхэм джэуапхэр къызэряптыжьыгъэмкIэ, районым ищыIакIэрэ исоциальнэ-экономикэ хэхъоныгъэхэмрэ язытет тызэрэщыбгъэгъозагъэмкIэ.***

**ДэгущыIагъэр СЭХЪУТЭ Нурбый.**

*Сурэтыр тезыхыгъэр Iэшъынэ Аслъан.*

# Сэлам алейкум, ХЬАЛИМ!

**Илъэс 80 гъунапкъэр плъэузэрихьэу, уиакъыл пыч фэмыхъоу, псаунығъэм гумэкI ин къыпфимыхьэу, щытхъу хэлъэу зэрэпштагъэм фэшI адыгэ сэлам лъапIэ осэхы, Хьалим! Тхьэм сыпфелъэIу тапэкIи непэ узытетым утемыкIэу, лъакъор ренэу кIэкIэу, акъылым зи къыщымыкIэу, псаунығъэр пщынэ ныбэу зэIыкIэу илъэсыбэ бгъэшIэнэу.**

**Джы сызыфаер, Хьалим, узышIэхэрэм уащымыгъупшэныр, къыпщымыгъуаззэхэр нэIуасэ къыпфэсшIынхэр арышъ, илъэс 80 гъэшIэ гъогоу къэпкIугъэм гъэзетеджэхэр рысщыщтых. КъафэсIотэщт укъызыщыхъугъэ 1930-рэ илъэсым умакъэ апэу зыщыIугъэ тичIыгу еджэнымкIи, IофшIэнымкIи, цIыфыгъэ лъэныкъомкIи щыпшIагъэхэр, гъэхъагъэу щыуиIэхэр.**



ЗищыIэныгъэ тыкъытегущыIэнэу едгъэжьагъэр бэмэ къашIэгъэн фае. Ар ПэкIэшхо Хьалим. Илъэсыбэ хъугъэу Мыекъуапэ щэпсэу. Къызыщыхъугъэр Шэуджэн районым ит къуаджэу Хьатыгъужъыкъуай. Къызэрыхъухагъэр чылэм мэкъумэщышIэ лэжьакIо унэгъо къызэрыкIоу дэсхэм ащыщ. Ятэ Исмахьилэ адыгэлI шъыпкъэу щытыгъ, ипсэукIэ-зекIуакIэкIэ, илэжьакIэкIэ лъытэнығъэу фашIырэр къылэжьыгъагъ. Еджагъэу щымытыгъэми, чылэм цыхьэшхо щыфашIи, колхоз тхьаматэ IэнатIэр рапэсыгъагъ. Къызэрэщыгугъыхэрэри къыгъэшъыпкъэжьэу Iоф ышIагъ. Янэ ФатIимэт унэгъо хьызмэтым изехьанкIэ ублэмыхьопсыкIынэу щытыгъ. Ахэм зэдашIэгъэ унагъом кIэлищырэ пшъэшъищырэ къихъухьагъ, зэкIэри адыгэ шэн-хэбзэ дахэхэм атетхэу апIугъэх. ЗэкIэ рагъэджагъэх. Анахьыжъ Аюбэ Мамхыгъэ гурыт еджапIэр 1952-рэ илъэсым къызщысыухыным нэIуасэ сыфэхъугъагъ. Къэралыгъо ушэтынхэр зытиIэгъэхэ уахътэм тиеджапIэ щызэхащэгъэ комиссием районом хигъэхьагъэу хэтти, кIэлэегъэджэ дэгъукIэ игугъу къашIыщтыгъ а лъэхъэнэ чыжьэм. ИлъэсыбэрэХьатыгъужъыкъое гурыт еджапIэм Аюбэ щылэжьагъ, иIофшIакIэкIэ Урысые Федерацием изаслуженнэ кIэлэегъэджэ щытхъуцIэр къылэжьыгъ. Непэ ар къытхэмытыжьми, бэмэ шIукIэ агу къэкIыжьы.

ИкIэлэгъум Хьалимэ къуаджэм дэс кIэлэ Iэтахъохэм афэдэу ячылэ колхоз игубгъохэм ащылэжьагъ. ЕджапIэм я 9-рэ классыр къызыщеухым, кIэлэегъаджэхэр къызыщагъэхьазырхэрэ адыгэ училищым чIэхьагъ. 1948-рэ илъэсым диплом плъыжькIэ ар къыухыгъэти, фитыныгъэ иIагъ ушэтынхэр ымытхэу апшъэрэ еджапIэм чIэхьанэу. Ар къызыфигъэфеди, чIэхьагъ къалэу Краснодар дэт институтэу кIэлэегъаджэхэр къэзгъэхьазырхэрэм тарихъымкIэ ифакультет. Ащ анахь дэгъоу щеджэхэрэм, институтым общественнэ Iофтхьабзэу щызэхащэхэрэм чанэу ахэлэжьэрэ студентхэм фэгъэкIотэныгъэ афашIыти, комсомол е партийнэ органхэм ащылэжьэнхэу къызэрэхахыщтыгъэр макIэп. Ащ фэдэхэм хьатыгъужъыкъое кIалэри къахиубытагъ. Диплом плъыжькIэ институтыр къэзыухыгъэ Хьалимэ къыфыхахы комсомолым и Краснодар крайком иаппарат Iоф щишIэнэу. Джаущтэу ищыIэныгъэ гъогу шъхьаIэу щыпхырищыщтым теуцо.

— Педучилищми, институтми къалэхэм уадэсэу уащеджэныр а лъэхъаным псынкIэгъуагъэп, — тхылъ тхыгъэм фэдэу ышъхьэ къинэгъэ гупшысэхэм къахегъэщы Хьалимэ. — Тхьэм насып къыситыгъэти, сшынахьыжъ Аюбэ сиIагъ. Ащ иIэпыIэгъу илъэс пчъагъэм седжэным сыкIэзыгъэгушIугъэри сищыIэныгъэкIэ сищыкIагъэр къыслъызыгъэIэсыгъэри. КIэлэегъаджэу къуаджэм Iоф щишIэщтыгъэти, лэжьапкIэу къыратырэм сэ симэзэ Iахьи ренэу къыхигъэкIыщтыгъ.

Дзэм къулыкъур щихьыным зыныбжькIэ нэсыгъэ кIалэр иапэрэ IофшIапIэ бэрэ Iутынэу хъурэп. Къыфахьы ащ крайвоенкоматым къикIыгъэ повесткэр. Дэгъоу къыгурэIо ежьым фэдэхэу апшъэрэ гъэсэныгъэ зэзгъэгъотыгъэ ныбжьыкIэхэр дзэм зэрищыкIагъэхэр. Ащэ Московскэ дзэ округым хэхьэрэ частхэм ащыщ. Дзэ къулыкъум лъэныкъо псэумкIи дэгъоу зыкъызэрэщигъэлъэгъуагъэм къыхэкIэу адыгэ кIалэм зы мафи зыхэтыр къехьылIэкIэу къыхэкIыгъэп. Къулыкъур зыдихьыхэрэм агурыIоу, ыцIэ шIукIэ раригъаIоу, боевой-политикэ ухьазырыным фэлъэкIыщтыр хишIыхьэу ахэтыгъ. Рагъаджи офицерыцIи къырапэсыгъ. Къулыкъу пIальэм икъэухыгъом дзэм къыхагъанэ ашIоигъоу икомандирхэр бэрэ къыдэгущыIагъэх, ау адыгэгоу зыхэкIыгъэхэм къафэзыкъыдыижьырэм къыриIорэм пэшIуекIон ылъэкIыгъэп. Лейтенант тэмэтелъхэм ишъуашэ къагъэкIэракIэу къулыкъум къикIыжьыгъ. Ащ лъыпытэу IофшIапIэу зыIуащыгъагъэм аштэжьи, комсомолым и Краснодар крайком иинструктор IэнатIэ фагъази, илъэситIо ар ыгъэцэкIагъ.

— Тикрайком ипащэхэр къысфэмыразэхэу зыкIи къыхэкIыгъэп, дэгъоу сагурыIощтыгъ, пшъэрылъэу къысфашIырэр игъом згъэцакIэщтыгъ, кIэкIэу къэпIощтмэ, мыдэеу Iоф зэдатшIэщтыгъ, — къеIуатэ Хьалимэ. — Ау тыдэ ущыIэми, уиIофхэр дэгъоу зэпэфэхэми, укъызыщыхъугъэ ыкIи узыщапIугъэ чIыпIэ гупсэм угу уфекъудыижьы, ащ укъыфэзэщы.

Джары ПэкIэшхо Хьалимэ Адыгэ хэкум къыгъэззэжьыным фэзыщэгъэ Iофыгъохэм апэ итыр. ВЛКСМ-м и Адыгэ хэку комитет IофшIэныр щылъегъэкIуатэ. Ащ пропагандэмрэ агитациемрэкIэ иотдел пащэ фашIы. Игъорыгъоээ иIэнатIэкIэ нахь дэкIуае: комсомолым ихэку комитет иятIонэрэ, етIанэ иапэрэ секретарэу 1961-рэ илъэсым нэс Iоф ешIэ. МакIэп ащ хишIыхьагъэр комсомол IофшIэныр хэкум нахьышIоу щызэхэщэгъэным, ныбжьыкIэхэм япIун гъэлъэшыгъэным.

— Комсомол организациехэм ренэу сахахьэщтыгъ, ящыIакIэрэ яIофшIакIэрэ зэрэгъэпсыгъэхэм гъунэ лъысфыщтыгъ, ящыкIэгъэ IэпыIэгъур игъом аIэкIэзгъахьэщтыгъ, — илъэс 50 фэдиз зытешIэжьыгъэ гупшысэхэм Хьалимэ зафегъэзэжьы. — ХэзгъэунэфыкIы сшIоигъу а лъэхъаным комсомолым ныбжьыкIэхэмкIэ мэхьанэу иIагъэр зэрэиныгъэр. Анахьэу тызыпылъыгъэхэм ащыщых ахэм япIунрэ ягъэджэнрэ уахътэм диштэу зэхэщэгъэнхэр, яхэгъэгу шIу алъэгъуным фэщэгъэнхэр.

— 1960-рэ илъэсым коммунистическэ IофшIакIэм иударникхэм яслетэу Москва щыIагъэм сыхэлэжьэгъагъ, — джыри зэ зафегъэзэжьы игукъэкIыжьхэм Хьалимэ. — КПСС-м и ЦК иапэрэ секретарыгъэу Н.С. Хрущевым слетым къыщиIогъагъэхэр сщыгъупшэхэрэп. Джащ фэдэу сигупшысэхэм къахэкIыукIыжьыхэрэм ащыщых ныбжьыкIэхэмрэ студентхэмрэ я Дунэе фестивалэу Москва 1957-рэ илъэсым щыIагъэм къыщыслъэгъугъэхэмрэ къыщызэхэсхыгъэхэмрэ. Хэгъэгубзмэ къарыкIыгъэ делегациехэр фестивалым къекIолIэгъагъэхэти, Сириемрэ Иорданиемрэ ащыпсэурэ адыгэхэм ащыщхэри къызэрэкIуагъэхэр къытаIогъагъ. ВЛКСМ-м и Адыгэ хэку комитет иапэрэ секретарыгъэу Даур Шыгъотыжъ Сирием иделегацие адыгэхэр хэтхэу телефонкIэ къытиIуагъ, адыгабзэкIэ тхыгъэ тхылъхэр, пластинкэхэр тIыгъхэу, адыгэ пщынэм къезыгъэIощтыри тхэтэу купышхо тыхьоу Москва тыкIонэу пшъэрылъ къытфишIыгъ. Тызынэсым, Шыгъотыжъ адыгэ хьэкIэ ныбжьыкIэхэр игъусэхэу мэшIоку къэуцупIэм къыщытпэгъокIыгъэх. Адыгэ джэгушхо а чIыпIэм щытшIыгъагъ. Лъэшэу тызэщыгушIукIыгъагъ, зынэпс къэкIуагъэхэри къытхэкIыгъагъэх. Джащ тетэу IэкIыб тхылъхэм къикIыгъэ адыгэхэм апэрэу таIукIэгъагъ. АдыгэхэуIэкIыб хэгъэгухэм арысхэм псэукIэу яIэм тэри тыщымыгъуаззэу, ежьхэми къытхашIыкI щымыIэу щытыгъэти, тизэIукIэгъухэм ащызэфэтIуатэщтыгъэр багъэ. ХьакIэхэм Кавказым адыгэ имысыжьэу зыIохэрэм арагъэлъэгъунэу зэкIэми тызэхэтэу сурэт зытырядгъэхыгъагъ. ЯттыгъагъэхафэтщагъэхэрыЧбуквары» тхылъри афядгъэхьынэу къэлъэIогъагъэх.

А лъэхъэнэ чыжьэм партием цыхьэ ин зыфишIырэ организациеу комсомолыр щытыгъ. Ащ исатырэхэм къахэкIыгъэхэр арых коммунистхэм япчъагъэ хэзыгъахъощтыгъэхэр. Комсомолым ыпIугъэхэр арых партийнэ IофшIэным анахьэу фагъэзэщтыгъэхэр. Партием исатырэхэм илъэс заулэ хъугъэу ахэт ПэкIэшхори комсомол пэщэ IэнатIэм Iуащы, илъэс 31-м итэу цыхьэ ин фашIышъ КПСС-м и Кощхьэблэ райком иапэрэ секретарэу агъэнафэ. ИлъэситIоу а IэнатIэр зигъэцэкIагъэм районым илэжьакIохэм коммунистхэр яззэхэщакIохэу ыкIи якIэщакIохэу гъэхъагъэу яIэхэм хэпшIыкIэу ахагъэхъуагъ, цIыфхэм ящыIэкIэ-псэукIи нахьышIум фащагъ.

Кощхьаблэ къырацыжьышъ, Хьалимэ Адыгэ хэку исполкомым культурэмкIэ игъэIорышIапIэ пащэ фашIы. Бащэ темышIэу ащ Iуащы, партийнэ IофшIэным нахь тегъэпсыхьагъэу алъытэшъ, КПСС-м и Адыгэ хэку комитет анахь мэхьанэ зыщыратыщтыгъэ зэхэщэн-партийнэ отделым ипащэу агъэнафэ. Илъэс 11 а IэнатIэр егъэцакIэ. Ащ къыкIэлъыкIо Адыгэ хэкусовпрофым итхьамэтэ IэнатIэу илъэс 15-м къыкIоцI ыгъэцэкIагъэр. А лъэхъаным лэжьакIохэм языгъэпсэфынрэ япсаунығъэ гъэпытэгъэнымрэ афэгъэхьыгъэу шIуагъэ мымакIэу къызыкIэкIогъэ IофшIэн зэфэшъхьафыбзэ хэкусовпрофым зэшIуихыгъ. Ащ бэ а уахътэм хишIыхьагъэр Мыекъопэ районым къитэджэгъэ профилакториехэу «Лэгъо-Накъэ», «Кавказым», «Мэз пшысэм», «Автомобилистым» ягъэпсын. Ахэм афэшъхьафэу турист комплексхэр, турбазэхэр, автобазэ, нэмыкIхэри хэкум рашIыхьагъэх. Мыекъопэ къэлэ стадионым изэтегъэпсыхьани Хьалимэ зипэщэ хэкусовпрофым хишIыхьагъэр макIэп. Профсоюзхэм апкъ къикIыкIэ къалэм щагъэпсыгъэхэм ащыщ самбэмрэ дзюдомрэ защыфагъэсэхэрэ еджапIэр. Къэлэ футбол командэри хэкусовпрофым инэплъэгъу ригъэкIыщтыгъэп.

Комсомолым, партием, профсоюзхэм IофшIэн зэфэшъхьафыбзэу ащызэшIуихыгъэм, хэкум щыпсэурэ цIыф лъэпкъхэм азыфагу къошныгъэ-ныбджэгъуныгъэу илъыр нахь гъэпытэгъэным иIахьэу хилъхьагъэм, хэгъэгум ыпашъхьэкIэ шIушIагъэу иIэхэм къакIэкIогъэ наградэ лъапIэхэу ПэкIэшхо Хьалимэ къырапэсыгъэхэр, фэшъхьафэу зэрэхагъэунэфыкIыгъэхэр макIэп. Анахь лъапIэхэу ахэм къахэгъэщыгъэнхэ фаехэр орденэу «Знак Почета» зыфиIорэм фэдищэу къыратыгъэхэр ары. Ащ фэшъхьафэу тамыгъэхэу «За активную работу в комсомоле», «За активную работу в профсоюзах СССР» зыфиIохэрэр иIэх. КПСС-м и Краснодар крайком ыкIи и Адыгэ хэку комитет, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м и ЦК ыкIи и Краснодар крайком ящытхъу тхылъхэр къыфагъэшъошагъэх. СССР-м ипрофсоюзхэм яя 16-рэ, 17-рэ ыкIи 18-рэ зэфэсхэм ядэлегатыгъ.

Пенсием зыщыкIон фэе уахътэр къызэсым зигъэпсэфын гухэлъ иIэу Хьалимэ тIысыжьыгъагъэ, ау партийнэ, советскэ, профсоюз IофшIэнымкIэ опытышхо зыIэкIэлъыр бэрэ щагъэсыгъэп. Республикэм иветеранхэм яIэгъэ зэфэсым ар щыхадзыгъ мыхэм яреспубликэ Совет итхьаматэ иапэрэ гуадзэу. Ащ ыуж ветеранхэм я Совет ипрезидиум хэтыгъ. Непи а ветеран Советым иактив хэтэу фэлъэкIыщтыр ешIэ.

Унэгъо шIагъуи ПэкIэшхохэм ашIагъ. Ежьырэ илъэсыбэрэ кIэлэегъэджэгъэ ишъхьэгъусэ Нахьмэтрэ кIэлитIу — Азэматрэ Долэтрэ — зэдапIугъ. Ахэм апшъэрэ сэнэхьат зэрагъэгъотыгъэу, унагъохэр яIэхэу Мыекъуапэ щэпсэух. Ахэм къапыхьогъэ шъэуитIумрэ пшъэшъэжъыемрэ ятэжъ-янэжъхэм ягушIогъо кIуапIэх. КъорылIф нахьыжъэу Андзаур Кубанскэ медицинэ академиер къыухыгъэу Мыекъопэ къэлэ сымэджэщым щэлажьэ, нахьыкIэ Тимур ФСБ-м иакадемиеу Москва дэтым щеджэ. Пшъэшъэжъыеу Нэфсэт республикэ гимназием ия 5-рэ класс ис.

Зы адыгэлI шIагъо — ПэкIэшхо Хьалимэ илъэс 80 щыIэныгъэ гъогу дахэу къыкIугъэм шъурысщагъ. Джыри а гъогур ыпэкIэ чыжьэу лъыкIотэным игугъапIэ ащ изытетэу непэ тлъэгъурэм къетышъ, гъэшIэ кIыхьэ зиIэщтхэм ащыщ орэхъу, Хьалим!

*ЛIЭХЪУСЭЖЪ Хьаджэрэтбый.*

Сурэтым итыр: **ПэкIэшхо Хьалим.**

***Министерствэхэм, ведомствэ зэфэшъхьафхэм икIыгъэ илъэсым Iофэу ашIагъэр мы мафэхэм зэфахьысыжьы. Ащ фэд гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ Министерствэри. Ау ащ Iофэу ышIагъэр зэрэпсаоу тымыштэу изы лъэныкъо зыфэдгъэзагъ.***

***ИкIыгъэ илъэсым гурыт ыкIи апшъэрэ еджапIэхэм зэрачIэхьагъэхэр, къачIэкIыгъэхэр щыIэныгъэм зэрэхэхьагъэхэр, Iофшiэн зыгъотыгъэхэм, зымыгъотыгъэхэм яхьылIагъэу тыкIэупчIагъ. Министерствэм ахэм афэгъэхьыгъэ зэфэхьысыжьэу ышIыгъэхэм защыдгъэгъозагъ.***

# ТИНЕУЩЫРЭ МАФЭ ЗЭПХЫГЪЭХЭР

Непэ Адыгэ Республикэм профессиональнэ гъэсэныгъэ зыщызэрагъэгъотырэ еджэпIэ 25-мэ Iоф щашIэ. Ахэм ащыщэу 2-р апшъэрэ къэралыгъо еджапIэх, 8-р апшъэрэ еджапIэхэм яфилиалых, 6-р гурыт профессиональнэ гъэсэныгъэ къэзытырэ еджапI, 9-р ублэпIэ профессиональнэ еджапI. Ахэм зэкIэмкIи нэбгырэ 26920-рэ ащеджэ.

Мы аужырэ илъэсхэм гурыт ыкIи апшъэрэ еджапIэхэм сэнэхьатэу къатырэм ипчъагъэ хэхъуагъ. Ахэр техническэ, технологическэ, мэкъумэщ ыкIи сервис лъэныкъохэм япхыгъэх.

Министерствэм къызэрэщытаIуагъэмкIэ, 2009-рэ илъэсым Адыгэ Республикэм ит еджапIэхэм непэ щыIэ федеральнэ шапхъэхэм атетэу чIэхьан IофшIэнэу ащызэхащагъ. ЕджапIэм иучредительхэм, лицензие ыкIи аккредитацие къезытыгъэхэм яхьылIэгъэ документхэр шъхьэихыгъагъэх. Официальнэ сайтхэм, къэбаргъэIу стендхэм абитуриентхэм ящыкIэгъэ тхылъхэр ыкIи приемнэ комиссием иIофшIакIэ яхьылIэгъэ къэбархэр атетыгъэх. Ащ нэмыкIэу чIэхьагъу лъэхъаным абитуриентхэм ыкIи ахэм янэ-ятэхэм яупчIэхэм джэуапхэр къарыратыжьынхэу хэушъхьафыкIыгъэ телефоным Iоф ышIагъ.

## Апшъэрэ еджапIэхэм ачIэхьагъэхэр

2009-рэ илъэсым апшъэрэ еджапIэхэм нэбгырэ 4369-рэ ачIэхьагъ (икIыгъэ илъэсым 3996-рэ). Гурыт еджапIэхэм къачIэкIырэр мы аужырэ илъэсхэм нахь макIэ мэхъуми, мыгъэ апшъэрэ еджапIэхэм гъэрекIорэ илъэсым нахьи нахьыбэ ачIэхьагъ. Ащ фэдэу апшъэрэ къэралыгъо еджапIэхэм нэбгырэ 3594-рэ, ахэм яфилиалхэм 661-рэ, мыкъэралыгъо апшъэрэ еджапIэхэм яфилиалхэм 114-рэ ачIэхьагъ.

Ахэм ащыщэу очнэу еджэнэу аштагъэр нэбгырэ 2271-рэ, заочнэу 2076-рэ мэхъу, сэкъатныгъэу иIэм къыхэкIэу яунэ исэу компьютеркIэ еджэнэу («дистанционнэ егъэджэн» зыфаIорэр ары) нэбгырэ 22-рэ ачIэхьагъ. Бюджет ахъщэкIэ еджэнхэу апшъэрэ еджапIэхэм ачIэхьагъэм ипчъагъэ 2398-рэ мэхъу (зэкIэ чIэхьагъэхэм азыныкъо нахьыб). Ежь иахъщэкIэ еджэщтыр нэбгырэ 1971-рэ.

Бюджет ахъщэкIэ очнэ шIыкIэм тетэу еджэщтхэм язы чIыпIэ Адыгэ къэралыгъо университетымкIэ нэбгыри 3,47-рэ итыгъ, Мыекъопэ технологическэ университетым 3,5-рэ. Адыгэ къэралыгъо университетымкIэ анахьыбэ къызэкIолIэгъэ факультетхэм тяплъын:

**юриспруденцием — 6,15-рэ;**
**психологием — 6,3-рэ;**
**бухгалтер учетыр, анализ ыкIи аудит зыфиIорэм нэбгырэ 9,8-рэ;**
**гъомылэпхъэшI промышленностым иIофшIапIэхэм яэкономикэ ыкIи ягъэIорышIэн — 14,4-рэ;**
**персоналым игъэIорышIэн — 12,6-рэ.**

**Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетымкIэ:**
**юриспруденцием — нэбгырэ 11;**
**таможеннэ Iофым — 9,8-рэ;**
**товароведением ыкIи товархэм яуплъэкIункIэ — 8,3-рэ;**
**экономикэмрэ IофшIапIэм игъэIорышIэнрэкIэ (туризмэр, хьакIэщ хъызмэтыр) — 8,1-рэ;**
**къэралыгъо ыкIи муниципальнэ гъэIорышIэныр — 12,1-рэ.**

Пчъагъэхэм къызэрагъэлъагъорэмкIэ, илъэс зэкIэлъыкIохэм а зы сэнэхьатхэр нахьыбэмэ къыхахых.

Илъэс къэс апшъэрэ еджапIэхэм целевой шIыкIэм тетэу студентхэр аштэх. Ащ фэдэу икIыгъэ илъэсым Адыгэ къэралыгъо университетым Адыгеим иеджапIэхэм къачIэкIыгъэ нэбгырэ 16 аштагъ, 2008-рэ илъэсым елъытыгъэмэ, ар нэбгыри 10-кIэ нахь макI. Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетым целевой шIыкIэм тетэу нэбгырэ 51-рэ чIэхьагъ, ыпэрэ илъэсым егъэпшагъэмэ, ар нэбгырищкIэ нахь макI.

Министерствэм иотчет къызэрэщыIуагъэмкIэ, чIахьэхэ зэхъум, фэгъэкIотэныгъэхэр зиIэхэм яфитыныгъэхэр амыукъонхэм пылъыгъэх. Ахэр зянэ-зятэхэр зимыIэжьхэр (ибэхэр), ны-тыхэм къаIахыгъэхэр, сэкъатныгъэ зиIэхэр ыкIи нэмыкIхэр.

Мыгъэ фэгъэкIотэныгъэхэр зыгъэфедэгъэ ныбжьыкIэхэм япчъагъэ 62-рэ, 2008-рэ илъэсым ар 41-рэ хъущтыгъ.

Илъэсэу икIыгъэм апшъэрэ еджапIэхэр ыкIи ахэм яфилиалхэр зэкIэ ЕГЭ-м хэлэжьагъэх.

## Гурыт профессиональнэ еджапIэхэм

2009-рэ илъэсым гурыт профессиональнэ еджапIэхэм аштэн фэягъэр нэбгырэ 1335-рэ. АчIэхьагъэр 1410-рэ мэхъу. БлэкIыгъэ илъэсхэм афэдэу аштэн фаем къезыгъэхъугъэхэм ащыщых Мыекъопэ медицинскэ колледжыр, искусствэхэм я Адыгэ республикэ колледж. Гурыт профессиональнэ еджапIэу республикэм итхэм сэнэхьат 38-рэ ащызэбгъэгъотын плъэкIыщт.

## УблэпIэ профессиональнэ еджапIэхэм

УблэпIэ профессиональнэ гъэсэныгъэм иеджапIэхэм нэбгырэ 1637-рэ аштэнэу щытыгъэмэ, ачIэхьагъэр 1484-рэ ныIэп. Ар 2008-рэ илъэсым елъытыгъэмэ, процент 13-кIэ нахь макI. Ащ фэдэу аштэн фэягъэм нахь макIэ зычIэхьагъэхэм ащыщых станицэхэу Ханскэм, Дондуковскэм адэт профессиональнэ еджапIэхэр.

Анахь къыхахырэ сэнэхьатхэм ащыщых автомеханикыр, гъучIгъажъэхэр ыкIи псэолъэшIыным епхыгъэ сэнэхьатхэр.

Илъэсэу икIыгъэм къыкIоцI профессиональнэ еджапIэхэм сэнэхьатхэм уащызыгъэгъозэрэ IофшIэнэр яшъыпкъэу зэхащагъ, къэбаргъэIу амалэу ыIэхэр агъэфедагъэх, зэралъэкIэу ныбжьыкIэхэр яеджапIэхэм къаращэлIагъэх.

Министерствэм иотчет къызэрэщыIорэмкIэ, зэкIэ еджапIэхэу Адыгэ Республикэм итхэм ячIэхьагъу лъэхъан правовой шапхъэхэм адиштэу IофшIэныр зэхащэгъагъ.

## Апшъэрэ еджапIэхэм къачIэкIыгъэхэр

2009-рэ илъэсым Адыгэ Республикэм иапшъэрэ еджапIэхэм специалист 2642-рэ къачIатIупщыгъ. 2008-рэ илъэсым елъытыгъэмэ, ар процент 18-кIэ нахь макI.

Ащ фэдэу апшъэрэ къэралыгъо еджапIэхэм — 1906-рэ, ахэм яфилиалхэм — 594-рэ, мыкъэралыгъо еджапIэхэм яфилиалхэм — 142-рэ къачIэкIыгъ.

Мыкъэралыгъо еджапIэхэм яфилиалхэм икIыгъэ илъэсым къачIагъэкIыгъэр, 2008-рэ илъэсым елъытыгъэмэ, процент 47-кIэ нахь макI. СпециалистэУ ахэм къачIатIупщыгъэхэм янахьыбэр юристых, экономистых, таможеннэ Iофым, къэралыгъо ыкIи муниципальнэ гъэIорышIэным феджагъэх. Апшъэрэ еджапIэхэм къачIэкIыгъэхэм япроцент 77-р бюджет ахъщэкIэ еджагъ, адрэ процент 23-р ежьхэм яахъщэкIэ еджагъэх.

## IофшIэн зыгъотыгъэхэр

Министерствэм къыгъэхьазырыгъэ отчетым къызэрэщиIорэмкIэ, 2009-рэ илъэсым еджапIэр къэзыухыгъэхэм ащыщэу нэбгырэ 1716-м IофшIэн ыгъотыгъ, нэбгырэ 330-р дзэм къулыкъу щихьынэу кIуагъэ, аспирантурэм нэбгырэ 28-рэ чIэхьагъ.

Гурыт профессиональнэ гъэсэныгъэ зэзыгъэгъотыгъэхэм япчъагъэ 1040-рэ мэхъу. Ахэм ащыщэу 402-мэ IофшIапIэ агъотыгъ, 406-р апшъэрэ еджапIэхэм ачIэхьагъ, 168-р дзэм ащагъ.

УблэпIэ профессиональнэ гъэсэныгъэ зэзыгъэгъотыгъэр нэбгырэ 2080-рэ мэхъу. Ахэм ащыщэу IофшIэн зыгъотыгъэр 1289-рэ, 172-р гурыт ыкIи апшъэрэ профессиональнэ гъэсэныгъэ къэзытырэ еджапIэхэм ачIэхьажьыгъэх, нэбгырэ 233-р дзэм ащагъ.

ГухэкIыр еджапIэхэм къачIэкIыгъэхэм ащыщэу цIыфхэм IофшIэн языгъэгъотырэ Гупчэм зыфэзыгъэзагъэхэм япчъагъэ зэрэмэкIэ дэдэр ары. Специалист ныбжьыкIэхэм янахьыбэр ежь-ежьырэу IофшIэн лъэхъу.

Гукъау нахь мышIэми, ныбжьыкIэхэм IофшIэн ягъэгъотыгъэныр, рыщыIэнхэ алъэкIынэу лэжьапкIэ яIэнэу шIыгъэныр, унагъо ашIэнэу, Адыгеим исынхэу, щылэжьэнхэу бэрэ къыхэкIырэп. Сыда пIомэ IэнэтIэшхо зимыIэхэм лэжьапкIэу къагъахьэрэр макIэ. АщкIэ уныбжьыкIэу унагъо пшIэн плъэкIыщтэп. Ныбжь зиIэу, зыми мыкIожьышъущтыр сомэ мини 5-ми, мини 7-ми кIэгушIу (ар IофшIэн зиIэхэр арых, къуаджэхэм IофшIапIэ адэтыхэп, пенсиер ары нахьыбэмэ къэкIуапIэу яIэр), ау ныбжьыкIэр сомэ мини 7-кIи мини 10-кIи щыIэшъущтэп. Арышъ, адыгэ кIэлакIэхэр къэлэшхохэм якIужьых, IофшIапIэхэр къащагъотых, Гурыт Азием къикIыгъэу Адыгэ къэралыгъо университетым иеджэпIэ унэ зышIыхэрэм афэдэу адыгэ кIэлакIэхэр Шъачэ, Краснодар цIыф лъэрыхьэу псэупIэ унаехэр зышIыхэрэм афэпщылIых. Джары Iофыр зытет шъыпкъэр. Нахь «шъабэу» къэпIон хъумэ, нэIосэныгъэкIэ, Iахьылыныгъэ кIэ е нэмыкI IофкIэ IофшIапIэ зыгъотырэ нэфкIэ купи еджапIэхэм къачIэкIыхэрэм къахэфэ.

Сщыгъупшэжьыхэрэп илъэс заулэкIэ узэкIэIэбэжьмэ, апшъэрэ медицинэ еджапIэр къэзыухыхэрэм профсоюзхэм я Унэу Мыекъуапэ дэтым зэIукIэу ащафашIыгъагъэр. Районхэм япащэхэр сценэм кыдэкIуаехэзэ, врачэу ящыкIэгъэ пчъагъэр, ахэм къазэрапэгъокIыщтхэр, фэгъэкIотэныгъэу яIэщтхэр зэкIэ къаIотагъ. Ау зы ныбжьыкIэ горэми ынэгу нэфынэ къыкIэщыгъэп, кIонэу шIоигъоныгъэ зиIэ ахэслъэгъуагъэп. УкIэгушIунэу къаIуагъэм зи халъэгъуагъэпщтын.

ТыкъызычIэкIыжьым, къэзыухырэмэ ащыщэу кIалэрэ пшъашъэрэ (язекIуакIэкIэ зэшъхьэгъусэхэм фэдагъ) зыми пымылъхэу «Пусть они в своей Адыгее за такие деньги работают» аIуагъ...

Арэу щытми, цIыфхэм IофшIапIэ языгъэгъотырэ Гупчэм зыфэдгъэзэжьын. IофшIэн зимыIэ цIыфэу ащ иучет хэтхэм ясэнэхьатхэмрэ гъэсэныгъэу яIэмрэ IофшIэпIэ чIыпIэ нэкIэу щыIэхэм атефэхэрэп. Ащ кIэух гупшысэм укъыфещэ — IофшIэпIэ чIыпIэу щыIэм, щыIэныгъэм ищыкIэгъэ специалистхэм уакъыпкъырыкIызэ, егъэджэныр зэхэпщэн фае. Ар къэралыгъо пащэхэми, еджапIэхэм яIэшъхьэтетхэми къагурэIо, ау Iофыр джыри зэхъокIыгъэ хъурэп. Арышъ, IофшIагъэхэр щыIэхэми, Iофыгъоу узыдэлэжьэщтыр макIэп. Ар зы министерствэ закъоп зиIофыр, ныбжьыкIэ политикэм, лъэпкъыр ыпэ лъыкIотэным япхыгъэ къэралыгъо Iофышху. Непэ ныбжьыкIэхэм тызэрадэлажьэрэр ары тинеущрэ мафэ зэлъытыгъэщтыр.

***СИХЪУ Гощнагъу.***

ЩЫЛЭ МАЗЭМ и 27-р — ЛЕНИНГРАД БЛОКАДЭР ЗЫЩЫТЫРАХЫЖЬЫГЪЭ МАФ

# ЦIЫФ ХЫЯБЭ ХЭКIОДАГЪ



**Ленинград (джы Санкт-Петербург) чIыпIэ гъэшIэгъон зыдэщысыр. Нева псыхъо Iус. Москва ыужыкIэ тихэгъэгу ит анахь къэлэшхохэм ащыщ. Промышленнэ, научнэ ыкIи культурнэ мэхьанэ ин зиIэ къал. Хы ыкIи псыхъо порт ин. Зэо ужым апэу къэлэ-лIыхъужъ зыфаусыгъэмэ ащыщ. Ащ къеплолIэн плъэкIынэу тарихъым хэхьагъэр бэ.**

Хэгъэгу зэошхом итарихъ Ленинград чIыпIэшхо щеубыты. «Ленинград блокадэр» заIокIэ, непэ къызынэсыгъэм ащ щыгъуазэхэм ашъхьацышъо кэтэджы. Ащ щызэуагъэхэм егъашIэм ащымыгъупшэжьын къинышхо апэкIэкIыгъ. Анахь къин хэтыгъэхэр къэлэдэсхэр арых, ахэм ащыщэу псаоу къэнагъэр мэкIэ дэд. КъызэралъытэрэмкIэ, блокадэм илъэхъан къэлэдэс нэбгырэ мин 641-рэ гъаблэм дигъэлIыхьагъ, нэбгырэ минипшI пчъагъэ цIыфхэр агъэкощыхэ зэхъум хэлIыхьагъ. 1943-рэ илъэсым Ленинград нэбгырэ мин 800 нахьыбэ къыдэнэжьыгъагъэп. Заор къызежьэм нэбгырэ миллиони 3-м ехъоу дэсыгъэм изынык1о нахьыбэр дэкIыжьи, нэмыкI чIыпIэхэм кощыжьыгъагъэх. Хъулъфыгъэ чъэпхыгъэхэр зэуапIэхэм ащыIагъэх.

1941-рэ илъэсым имэкъуогъу мазэу пый техакIор тихэгъэгу ошIэ-дэмышIэу къызытебэнагъэм къыщыублагъэу Ленинград икъэухъумэн рагъэжьагъ. Нэмыцхэм яапэрэ авиабомбэхэр Iоныгъо мазэм и 6-м къалэм къыдадзагъэх. Заор окIофэкIэ нэмыц самолетхэм бомб мини 105-м ехъу къалэм къыщырадзыхыгъ. Топыщэ мини 150-рэ фэдизкIэ къыдэуагъэх. Къэлэ дэхэшхом дэтыгъэ заводхэм, фабрикэхэм, IэзапIэхэм, еджапIэхэм, зычIэсырэ унэхэм янахьыбэр акъутагъ. МэшIоку ыкIи автомобиль гъогухэр зэпабзыкIыгъэх. Гъогу закъоу тидзэхэм къафэнэгъагъэр Ладожскэ хыкъумэр арыгъэ. Сыдэу щытми, къэлэшхом удэхьани удэкIыни умылъэкIынэу бгъу пстэумкIи нэмыцхэм къадзыхьэгъагъ.

1941 — 1942-рэ илъэсхэм якIымафэ щтыргъукIышхо зэхъум хыкъумэр къыгъэщтыгъ. Ар тидзэхэм къашъхьэпагъ, автомобиль гъогу хъугъагъэ. Ащ «ЩыIэныгъэм игъогукIэ» еджагъэх. Джа мыл гъогур ары къэлэдэсхэри загъэкощхэм зэрыкIуагъэхэр. Апэу къалэм къыдащыгъэхэр джурт унагъохэм ясабыйхэр арых. Арэущтэу зыкIашIыгъэр нэмыцхэм а лъэпкъыр агъэкIодыпэнэу гухэлъ зэряIагъэр ары. Мыл гъогумкIэ агъэкощыгъ промышленнэ оборудованиери. Ау мыл гъогур щынэгъуагъэ. Сыдэу щытми, чэщ-зымэфэ 900 зыкъудыигъэ блокадэм къиныбэ тидзэхэми къэлэдэсхэми къафихьыгъагъ.

Нэмыцдзэхэм къалэр къызэраухъурэигъэм изэраркIэ тидзэхэм ыкIи къэлэдэсхэм гъомылапхъэу аIэкIагъахьыщтыгъэр мэкIагъэ. 1941-рэ илъэсым иIоныгъо мазэ къызэралъытэгъагъэмкIэ, хьалыгъоу, крупэу, хьаджыгъэу ыкIи лэу къалэм дэлъыр ащ дэсхэм зэрафикъущтыгъэр мэфэ 35-рэ, шъоущыгъумрэ IэшIу-IушIухэмрэ — мэфэ 60. Агъэуцугъэ карточнэ системэмкIэ рабочхэмрэ инженер-техническэ IофышIэхэмрэ ащыщэу зы нэбгырэм мафэм хьалыгъу грамм 400, къулыкъушIэхэм грамм 200 аратыщтыгъэ. КIымафэм унэхэр агъэплъыщтыгъэп. Псыр унэхэм къякIуалIэщтыгъэп, электричествэр щыIагъэп. Фэтагын остыгъэхэр зиIагъэхэр мэкIагъэ, фэтагыни бгъотынэу щытыгъэп. Унэхэм арагъэуцогъэ къэнджал хьакухэр зэрагъэплъыщт пхъэр агъотыщтыгъэп. Фэдэ къыхэмыкIыгъэу кIымафэр чъыIагъэ. Градус 35 — 40-м ар нэсэу уахътэ къыхэкIыгъ. ЦIыфхэм узыр къахэхьагъэу, гъаблэр къафэкIуагъэу, яIоф дэй дэдагъ. Къаратырэ хьалыгъу такъырыр цIынагъэ, щымыщхэр хэлъыгъэх. Автобус, трамвай зыфэпIощтхэр къалэм къыщекIокIыжьыщтыгъэхэп. ЗычIэсыхэрэ ыкIи кIулыкIъушIэпIэ унэхэм яшъхьаныгъупчъэхэм апч ахэлъыжьыгъэп. Псыхъоу Нева е нэмыкI каналхэр арых зэшъощт псыр къызыдырахыщтыгъэр. Ахэм афэдэ хьазаб зэрателъэ, етIани ошъогу тревогэр чэщи мафи зэпыущтыгъэп. Гъаблэм ыгъэлIагъэхэм афэшъхьафэу чъыIэм ыстыгъэр ыкIи гъогум телIыхьагъэр бэдэд. ЛIагъэхэр зыгъэтIылъыжьын амыгъотэу гъогухэм ателъыгъэх.

1944-рэ илъэсым ищылэ мазэ тидзэхэм блокадэр пхыратхъуи, гъогу дэхьапIэхэр къызэIуахыжьыгъэх. Щылэ мазэм и 27-м блокадэр зэрэтырахыжьыгъэм пае тидзэхэм топ огъухэмкIэ салют атыгъ. Нэпкъым готэу километри 8 — 11 зишъомбгъогъэ коридорэу пхыратхъугъэм ишIуагъэкIэ, Ленинград тихэгъэгу зэпхыныгъэ дыриIэ хъужьыгъэ. Гъогухэр зэтырагъэпсыхьажьыгъэх. Къалэм гъомылапхъэ IэкIагъахьэ хъужьыгъэ. Ленинград шъхьафит зэрашIыжьыгъэм тидзэхэм гугъапIэ къаритыгъ нэмыц-фашистыдзэхэр зэхэгъэтэкъогъэнхэм изыфэгъэхьазырын лъагъэкIотэнэу ыкIи амалэу щыIэхэр агъэфедэнхэу.

1985-рэ илъэсым Ленинград сызэкIом, Пискаревскэ къэхалъэу нэбгырэ мин 470-рэ зыдэлъым щагъэуцугъэ музей-мемориалыр слъэгъугъэти, сыгу узэу сыкъыдэкIыжьыгъ. Ащ ипавильон чIэолъагъо Ленинград щыщ еджакIо цIыкIоу Таня Савичевам идневник. Яунагъо исхэм ащыщ зылIэкIэ ытхыхэзэ, ежьыр ауж дэдэ гъаблэм зэригъэлIагъэм ыкIи лIэным ыпэкIэ къытхыжьыгъэхэм шъхьацышъор къагъэтэджы. Къэхэлъэ пашъхьэм ит архитектурнэ гъоплъэ саугъэтэу «Родина — мать» зыфиIорэм бэ угу къыгъэкIырэр, зэо мэхьаджэм итхьамыкIагъо ухелъасэ.

Ащ фэдиз къин зытелъыгъэ цIыфхэу блокадэм къыхиубытагъэхэм адыгэхэри ахэфагъэх. Ахэр дзэ къулыкъум хэтыгъэхэу къэлэшхор къэзыухъумагъэхэм ащыщых. Гукъау нахь мышIэми, ахэм янахьыбэр дунаим ехыжьыгъ. Псаоу щыIэхэр зырыз дэдэх, ау ахэри зекIожьхэрэп. Джырэблагъ нахьыпэ блокадэм къыхиубытагъэхэр наградэхэр ахэлъхэу мэфэкI мафэхэм Мыекъуапэ иурам шъхьаIэ къызытехьэщтыгъэхэр. Блокадэм хэтыгъ, къалэр къыухъумагъ офицерэу Нэхэе Мыхьамодэ. Ау ар илъэситф хъугъэ зыщымыIэжьыр. Инаградэхэм къахэлъыдыкIыщтыгъэ «За оборону Ленинграда» зыфиIорэ медалыр.

ЩымыIэжьхэм ягугъу къэмышIыщтмэ, блокадэм хэтыгъэхэу псаоу къэкIожьыгъэу адыгэ ветеран тиIэжьэп. Адыгэ хэку судым илъэсыбэрэ ипэщагъэу, РСФСР-м изаслуженнэ юристэу Наурзэ Борисэ, джамбэчыехэм илъэсыбэрэ ятхьамэтагъэу Хъунэго Алэджыкъо, Шэуджэн райисполкомым итхьамэтагъэу Даур Къасимэ, ащ игодзагъэу Бэджэнэ Ахьмэд, «Социалистическэ Адыгеим» иредакцие илъэсыбэрэ щылэжьагъэу Бэджэнэ Иляс, нэмыкIхэми Ленинград къаухъумагъ.

КъэпIопэн хъумэ, къалэм иблокадэ хэфагъэхэр насыпынчъэу къычIэкIыгъэх. Дзэм хэмытыгъэхэу, ау ащ щыпсэущтыгъэхэри къалэр къэзыухъумагъэхэм ахалъытэх. Ащ фэдэхэр Мыекъуапэ щэпсэух, ау жьы хъужьыгъэхэу зырыз дэдэх къалэм дэсыжьхэр. Илъэс зытфыкIэ узэкIэIэбэжьмэ, ахэр нэбгырэ 20 фэдиз хъущтыгъэх, нахьыбэр бзылъфыгъагъ. 2008-рэ илъэсым блокадэм игъом къалэм дэсыгъэу бзылъфыгъэ шъхьэзакъоу зы нэбгырэ Мыекъуапэ щыпсэоу къыхэдгъэщыгъагъ. Ау ар непэ дгъотыжьыгъэп. Ителефон зыми къымыштэ зэхъум джырэблагъэ иунэ тыкIуагъ, ау ар егъэтыгъ. ИгъунэгъухэмкIэ къызэраIуагъэмкIэ, щыIэжьэп. Ар Газова Тамар. Псаузэ ащ тызыIокIэм къедгъэIотэгъагъ икъэбархэр. Илъэс 15 зыныбжь пшъэшъэжъыер блокадэм хиубытэгъагъ. Ятэу Николай Ленинград фронтым Iутзэ къаукIыгъ. Унагъом нэбгырищ къинагъ: ышнахьыжъ, ежьыр ыкIи ян. Къалэм къыфэкIогъэ гъаблэмрэ чъыIэмрэ ерагъэу ащэчыгъ. Чэщи мафи хьазабым хэтыгъэх. Ашхыщтымрэ яхьаку зэрагъэплъыщт пхъэмрэ алъыхъухэу дэсыгъэх.

— Мафэ горэм тылъыхъозэ, къакъыр къэдгъотыгъ, — къыIотагъ бзылъфыгъэм. — Ерагъэу пчъэр Iутхи тызехьэм, пхъэIучIафэ хьоеу илъэу тлъэгъугъ. Ау лIагъэхэр илъэхэу зытэлъэгъум, сэ сыкууи, къэзгъэзагъ. Сшнахьыжъ ихьи, пхъэIучIэфэ дзыуитIу къыушъи къырихыгъ. ТызэрыкIорэ гъогухэм хьадэхэр щтыгъэхэу ателъыгъэх. ПхъэIучIэфэ дзыуитIур зы тхьамафэрэ тфэхъугъ. Нэужым а къакъырым илъыгъэ хьадэхэм сащымыщынэ сыхъужьыгъагъ. Сизакъоу сихьэти, къисхыщтыгъ. НэмыкI цIыфэу пхъахьэ къакIохэрэр къакъырым ихьанкIэ щынэщтыгъэх.

Хьалыгъум ехьылIагъэу къыIотагъэхэри къэбар гукъаох. Iоф зышIэрэм хьалыгъу грамм 400 мафэ пэпчъ къыратыщтыгъэ. Тамарэ янэрэ ышрэ а зы IофшIапIэм щылажьэщтыгъэхэти, яIахь зырыз къахьыщтыгъэ. Ежь пшъэшъэжъыер связым телефонисткэу Iухьанэу зялъэIум, илъэс 16 хъугъэпти аштагъэп. Ащ ыуж зызаIуегъакIэм, агу къегъугъэн фае, Iуагъэхьагъ. МэзитIу тешIагъэу сэнэхьатыр ыIэ къызрегъэхьэм, ихьалыгъу такъыр къыгъахъэ хъугъэ. Ныом къызэриIотэжьыгъагъэмкIэ, къыхэкIыгъ уахътэ грамм 200 нахь къарамытэу. Ау загъорэ шъоущыгъу е крупэ къаратэу хъугъэ, ари грамми 100-м шIокIыщтыгъэп. Сменэ-сменэу Iоф ашIэщтыгъэти, чэщырэ лажьэуи хъущтыгъэ. Къалэр зэрэшIункIыгъэм къыхэкIэу сменэр зиухыгъэ пшъэшъэ ныбжьыкIэхэр нэф къэмышъэу ядэжь кIожьыщтыгъэхэп, щынэщтыгъэх.

— Пыим исамолетхэр къалэм къызышъхьэщыхьэхэкIэ ягъогъо макъэхэмкIэ къэтшIэжьыщтыгъэх, — ыгу къекIыжьыщтыгъэ ныом. — ЕтIани ахэр къалэм иIэгъо-благъо къызыхьухэкIэ, ПВО-м идзэхэм радиомкIэ макъэ къатгъэIущтыгъэ, «ошъогу тревог» заIокIэ, тэри псынкIэу чIыунэм текIущтыгъэ. Анахьыбэрэ нэмыц самолетхэр къалэм къызышъхьащыбыбэщтыгъэхэр пчыхьэ зыхъукIэ ары.

Блокадэ ужым Тамар, ян ыкIи ыш зэгъусэхэу Ленинград дэкIыжьыхи, Башкир АССР-м икъэлэ шъхьаIэу Уфа псэупIэкIэ къыхахыгъ. Ащ дэсхэзэ, Газова Тамарэ адыгэ нысэ хъугъэ. Дзэ къулыкъум хэт офицерэу Джэнджэ Ахьмэд шъхьэгъусэ фэхъугъ. ЛIыр дзэм къызхагъэкIыжьым Адыгеим къыгъэзэжьыгъ, Мыекъуапэ тIури къэкIожьыгъэх. Ныом къызэриIогъагъэмкIэ, ишъхьэгъусэ бэшIагъэу идунай ыхъожьыгъ. Ежь бзылъфыгъэр илъэсыбэрэ Мыекъуапэ икинотеатрэу «Гигант» зыщIагъэм кассирэу Iутыгъ. Бгъэхалъхьэу «Житель блокадного Ленинграда» зыщIэр иIагъ. Ащ къеушыхьаты Ленинград зэрэдэсыгъэр. Ащ фэдэ ветеранхэр Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэхэм афагъадэх, заом иветеранкIэ макIох. ЕтIани ащ «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941 — 1945 гг» зыфиIорэ ыкIи нэмыкI юбилей медальхэр иIагъэх.

Ленинград иблокадэ зытырахыжьыгъэр илъэс 66-рэ хъугъэми, ар тихэгъэгу ис цIыфхэу зэошхор зыпэкIэкIыгъэхэм ыкIи тарихъым щыгъуазэхэм егъашIэми ащыгъупшэщтэп.

***ШЫМЫГЪЭХЪУ Мурат.***
**Ветеранхэм яреспубликэ Совет ипресс-секретарь.**

Сурэтым итыр: **блокадэр пхырызытхъугъэ морякхэм кIэлэцIыкIухэр афэгушIох.**

ЛИТЕРАТУРЭМРЭ КРИТИКЭМРЭ

КЪУНЫЖЪ Мыхьамэт

# ПУШКИНЫР ГОГОЛЫМ ИКІЭГЪЭКЪОНЭУ ЗЭРЭЩЫТЫГЪЭМ ИХЪИШЪ

*(КъызыкIэлъыкIорэр щылэ мазэм и 26-м къыдэкIыгъэ номерым ит).*

## ПОЭМЭУ «ЛIАГЪЭХЭР ЗЫЩЭФЫРЭР»

Арэущтэу «сшIагъэр икъун, нахь чыжьэ сымыкIоныр къыстефэ» ыIоу Гоголыр къызэтеуцагъэми хъущтыгъ, къекIущтыгъ, хэти ар мысагъэу филъэгъущтыгъэп! — сыдигъокIи хэмыкIокIэжьынэу, ашъхьагъы ит урыс тхэкIошхохэм ягъусэу, ау ежь илъэужкIэ къахэщэу литературэшхом къыхэнэжьыщтыгъ. Шъхьаем, Гоголыр ар зигуапэу къыхэзыхыщтхэм ащыщыгъэп; лъэгапIэу зынэсыгъэм нахь илъэгэпIэжь зэрэщыIэр дэгъу дэдэу ышIэщтыгъ. Гухэлъ къызэрыкIоу щытыгъэп хихыгъэр. Тхылъеджэхэм (тхылъеджэу гупшысэхэрэр ары зыфасIорэр) язэхэшIыкI лъыIэсэу, къыIэтэу, зэрэщымыгугъыгъэхэу агъэшIагъоу, инэу, инэу джыри зыгорэ ытхы шIоигъуагъ. Зэритхыщт шIыкIэри, лъапсэу фишIыщтыри джыри тэрэзэу ышIэщтыгъэп, ау ар ин дэдэ зэрэхъущтыр ышъхьэ илъыгъ.

А планыр (е, непэ зэраIоу, проектыр) егупшысэу, ыгъэгумэкIэу бэшIагъэу къырихьакIыщтыгъ. Ау, адэ, ар таущтэу зэшIуихыщта, ежь-ежьырэу джа ыцIэ лъагэу зэрэIугъэм тетэу, гъэхъагъэу, текIоныгъэу ышIыгъахэм ифэшъуашэу, хэти игущыIэ къыхэмыхьэу а тхылъыкIэр ытхыщта? Хьауми къыдэIэпыIэн, ыIэ къыкIэзыгъэкъон ищыкIагъа? Ары, ищыкIагъ! ИщыкIагъэр, зыфаер Пушкиныр ары. Мыщ дэжьым зы факт гъэшIэгъон къыщысхьы сшIоигъу. Гоголым 1837-рэ илъэсым мэлылъфэгъу мазэм Жуковскэм (урыс усэкIошхом) фетхы: «...тилъэхъан тхакIохэр гъаблэм ыгъэлIэн зэрилъэкIыщтыр баснекIэ слъытэщтыгъэми, джы ар сшIошъ хъоу езгъэжьагъ. Сегупшысагъ, сегупшысагъ, ау пачъыхьэм елъэIугъэным нэмыкI къысфэугупшысыгъэп». Ащ къыкIэлъыкIоу урыс художникхэм Рим къащыратыщтыгъэ пенсионым фэдэ къыфыдихынэу Жуковскэм елъэIу. А пенсионыр зыкIищыкIагъэри шъхьэихыгъэу къеIо: «...тхылъышхоу, сымытхымэ мыхъунэу Пушкиным гущыIэ зыфысигъэтыгъэм итхын зэпысымыгъэуным пае», — еIо сатирикышхом. Ау ар зыщыгугъыгъэр къыдэхъугъэп — пенсионыр къыратыгъэп.

Джы Гоголым ипланэу, инэу, инэу ытхыным игугъоу къедгъэжьагъэм къыфэдгъэзэжьын. Ащи Пушкиным иIоф занкIэу хэлъынэу хъугъэ — сатирикым ыIогъагъэба ар хэмытэу зи зэримышIэрэр, зэримытхырэр. «ЛIагъэхэр зыщэфырэри» («Мертвые души») ар хэмытэу тхыгъэу хъугъэп, ащ иIоф хэлъэу авторым ытхыгъ. Поэмэм исюжети усэкIошхом къыритыгъ, къыфигъэшъошагъ. Ар ежь Гоголым «Авторым къыушыхьатыжьырэр» зыфиIорэм къыщеIо: «Пушкиным» ежь иунэе сюжетэу поэмэ фэдэу зыгорэ къызыхигъэкIынэу зыфэягъэр, къызэриIуагъэмкIэ, сэщ нэмыкI горэми римытыщтыгъэр къыситыгъ. Ар «ЛIагъэхэр зыщэфырэм» исюжет арыгъэ».

Гоголым италанткIэ фызэшIокIыщтыр, урыс литературэм къыфихьыщт щытхъур зыфэдэр дэгъу дэдэу къышIагъэу щытыгъэти, произведениешхо горэм ар ыуж ригъахьэ шIоигъуагъ. ЫужкIэ Гоголым къыIожьыгъ: «Арэу цIыфыр зыфэдэр къэпшIэным уфэIазэу, цыпэ цIыкIу горэхэмкIэ ошIэ-дэмышIэу ар псаум фэдэу къэпшIыным уфэIазэу, таущтэу тхыгъэ иным ыуж уимыхьана! Ар Тхьэм къыпфигъэгъунэп!», — Пушкиным къымыIон, иныбджэгъу ыгу къымыIэтын ылъэкIырэп ытхыгъагъэхэм ахэплъэжьы, зэрегъэзэфэжьых, зэхъокIыныгъэхэр афешIы. Пушкиным исюжети егъатхъэ: «Сыдэу сюжет ин дэда, сыдэу гъэшIэгъонэу зэхэлъа». Русыр зэрэпсаоу ащ къызэрэзэлъиубытыщтыр кIегъэтхъы. IэкIыб хэгъэгум щыIэми, Урысыем щыIапэм фэдэу къышIошIы: «... зэкIэ тэтиехэр, типомещикхэр, тичиновникхэр, тиофицерхэр, тимыжыкъхэр, тиунэжъхэр, кIо зэрэправославнэ Русэу сапашъхьэ ит», — еIо «ЛIагъэхэр зыщэфырэм» иавтор Париж щыIэу.

Сыдми сюжетэу Пушкиным къыритыгъэм талантышхо зиIэ тхакIом псэ къыпигъакIэу, зыригъэушъомбгъоу ригъэжьагъ. Зэрэнафэу, сюжетыр къэбгъотыгъэ, къыпIэкIэхьэгъэ къодыекIэ тхылъыр ащ тетэу ежь-гузажъоу, цIыкIу-цIыкIоу къызэкъуихыным пае, Чичиковыр джа къалэу къызэрэдэхьагъэмкIэ зыкъызегъэхьакIэхэ нэуж игъогу техьэ помещикэу езыгъэблэгъагъэхэм адэжь кIонэу. А помещикхэм япщылIхэу лIагъэхэр, щымыIэжьхэр товарым фэдэу къыщэфынхэу. Ары, ахэр къыщэфынхэу! МылIагъэхэу щыIэхэм фэдэу тхылъыпIэхэр ыгъэпсынхэшъ, опекунскэ советым ритыжьыщтых, ценз къызIэкIигъэхьанышъ, шхъухьэшI шIыкIэмкIэ бай зишIыныр имурадэу. Ащ фэдэу зыгорэм зэришIыгъэр къэбарэу зэрэзекIорэр Пушкиным къыриIуагъ, ежь Гоголыми ар зэхихыгъэу щытыгъ, аущтэу щэфагъэхэм ежь пэчыжьэу иIахьыл гори ахэтыгъ.

Сыдми а шIыкIэр Урысыем — тхылъышхо ригъэтхы шIоигъу!

1835-рэ илъэсым Гоголым а «тхыгъэ иным» — «ЛIагъэхэр зыщэфырэм» итхын гуетыныгъэшхо хэлъэу ригъэжьагъ. Ащ икъэбар Пушкиным псынкIэу лъигъэIэсыгъ: «ЛIагъэхэр зыщэфырэр» стхынэу езгъэжьагъ. Сюжетым роман кIыхьэшхоу зиушъомбгъугъ, къызэрэсшIошIырэмкIэ, ар лъэшэу щхэнэу хъущт. Ау джы ящэнэрэ шъхьэм сыкъыщыуцугъ. Мо благъэ сшIынэу бзэгузехьэ дэгъу сылъэхъу. А романым зы лъэныкъо закъо нэмыIэми зэрэ Русэу къыщызгъэлъэгъонэу сыфай».

Охътаби тыримыгъашIэу Гоголым поэмэм иапэрэ шъхьэхэм Пушкиныр аригъэдэIугъ. Ар зэрэхъугъэ шIыкIэр ежь дэдэм ыужкIэ къыIотэжьыгъ: «ЛIагъэхэр зыщэфырэм» иапэрэ шъхьэхэм апэм зэрэстхыгъагъэм тетэу Пушкиным сыкъыфеджэнэу къызесэгъажьэм, Пушкинэу сэ сыкъыфеджэ зыхъукIэ, сыдигъокIи щхыщтыгъэр (щхыныр ащ икIэсагъэба) тIэкIу-тIэкIузэ нахьи нахь нэшхъэеу къэхъоу къыригъэжьагъ, аузэ ынэгу зэхэгъэхьэгъае къэхъугъ. Еджэныр къызысэухым, ымакъэ гукъаор къыхэщэу къыIуагъ: «А си Тхьэ гущ, сыдэу нэшхъэигъуа ти Урысые зыхэтыр». Ар лъэшэу згъэшIэгъуагъэ. Ащ къыщегъэжьагъэу «ЛIагъэхэр зыщэфырэм» гупшысэ хьылъэу узхищэрэр нахь псынкIэ къызэрэсшIыщт закъом сегупшысэу езгъэжьагъ».

1835-рэ илъэсым, бжыхьэм, ипоэмэ Iоф дишIэныр Гоголым Швейцарием щыригъэжьэжьыгъ. ЕтIанэ 1837-рэ илъэсым икIымафэ Париж щыпедзэжьы. Лъэшэу гуапэ щыхъоу иIофшIэн зэкIэлъэкIо. Петербург щитхыгъагъэхэри икIэрыкIэу кIетхыкIыжьых. Сюжетэу Пушкиным къыритыгъагъэм хэплъэжьышъ, ащкIэ урыс щыIакIэм иэнциклопедие ытхынэу ышъхьэ къехьэ. ЫпэкIэ ежьырэу къэхъущтэп — ащ гъогу къыфызэIупхышъун фае. Ар дэгъоу Чернышевскэм хигъэунэфыкIыгъ: «... сюжетыр къызфэбгъэIорышIэн фае!»

Гоголым Пушкиным исюжет икъукIэ IэпэIэсэныгъэшхо хэлъэу къызIэкIигъэхьан ыкIи къызыфигъэфедэн ылъэкIыгъ. Ау Гоголым тхылъыр ытхэу зырегъажьэм ыкIи нахь куоу хахьэ зэхъум, Пушкинри Гоголыри зэмыжэгъахэхэр нахь нафэу къыхэщэу ригъэжьагъ — щхэны хъункIэ зыщыгугъыгъэхэр трагедие хъоу фежьагъ. Щхэным, юморым ычIыпIэкIэ сатирэр, гур зыгъэкIодырэ щыIакIэм исурэт гомыIухэр апшъэ къышIохъу. Ары Гоголыр поэмэм иапэрэшъхьэхэм усэкIошхом къыфяджэ зэхъум, ынэгу нахь къызэхахьэу къызкIыригъэжьагъэри, Урысыем нэшхъэигъор илъэу зыкIиIуагъэри.

Сатирэм ишапхъэхэмкIэ уекIолIэн зыхъукIэ, нэмыкI шапхъэхэри къыдэплъытэми, «ЛIагъэхэр зыщэфырэ» поэмэм пэшIуекIон, ыпшъэ кIон, ащ ебгъэпшэн, пэбгъэуцун, зыфэбгъэдэн Гоголым итворчествэ хэтэп, ытхыгъэ пстэуми осэшхо яI, ау мыщ иIуашъхьэ зэкIэми анахь лъагэу къэлъагъо. Ежь зэриIощтыгъэу, зэкIэ Русыр къызэлъиубытэу, ыкъопэ пстэуми анэсэу ащ къызэрэщигъэлъэгъощт художественнэ амал инхэри къыгъотыгъэх. Урысыер хэгъэгушху, ащ игъунапкъэхэм, игубернием уанэсын, ахэм чиновникхэм, помещикхэм щашIэрэр, щызэхаблэрэр къэплъэгъунхэм фэшI, гъогушхо ищыкIагъ, ар лъэсэу къыпфэкIухьащтэп. Арышъ, игерой шъхьаIэу Чичиковыр кум регъэтIысхьэшъ, а гъогушхом тыретIупщыхьэ. «Дилижанс», «Коляск» къыхэсымыгъафэу «ку» сэIо — джары Гоголым къызэритхырэр: Чичиковыр зыщыщыгъэ класс гурытыр ку зэкIэшIагъэкIэ зекIощтыгъэу къеIо.

Поэмэм хэлъ пружинэр мыхабзэу щыхъугъэу щытыгъ. Ау сатирикым апэрэ ыкIи апшъэрэ пшъэрылъэу зыфигъэуцугъагъэр урыс помещикхэу къэралыгъо системэм пкъэоу, лъапсэу иIэхэм яобраз зэфэшъхьафхэр шъыпкъапIэм тетэу ыкIоцIыкIэ къыриIотыкIэу, Пушкинэу сюжетыр къезытыгъэм зэрифэшъуашэу, къыгъэлъэгъоныр арыгъэ. Джары ахэр зым адрэр къыкIэлъыкIоу поэмэм зыкIыхигъэуцуагъэхэри. Ахэр тфы мэхъух: Маниловыр, Коробочкэр, Ноздревыр, Собакевичыр, Плюшкиныр. Мыхэм дэгъу ахэтэп, ау зым нахьи адрэр нахь дэижь. Ахэм къагурэIо япщылI лIагъэхэу щымыIэжьхэм ацIэхэр спискэкIэ Чичиковым зэрищэфхэрэм ифедэ зэрэхэлъыр, ау ежьхэми яIахьэ ащ къыхагъэкIы ашIоигъоу уасэмкIэ едаох, енэкъокъух.

Джаущтэу, ежь Гоголым Пушкиным зэрэфитхыгъагъэм тетэу, «ЛIагъэхэр зыщэфырэр» романышхо хъугъэ. Ау романым ижанрэп ащ авторым къыфыхихыгъэр — поэм. Поэмэр тхылъищэу ытхынэу рихъухьэгъагъ шъхьаем, ар къыдэхъугъэп: ятIонэрэм щыщэу ытхыгъэр ежь-ежьырэу ыгъэстыжьыгъ, ящэнэрэм ыIэ лъыIэсынэу хъугъэп — ахэм Русыр нэмыкIэу къащигъэлъэгъонэу ыгу хэлъыгъ. Ар ятIонэрэм къыхэщыгъ, геройхэр нэмыкIэу къыгъэлъагъохэу фежьэгъагъ. Ау ащ Пушкиным иIоф хэлъыжьыгъэп. Хэлъыжьыгъэп, сыда зыпIокIэ апэрэ томыр джыри Гоголым поэмэр ыухыгъагъэп — апэрэ тхылъыр къызыдэкIыгъэр 1842-рэ илъэсыр ары, Пушкиныр дунаим зехыжьыгъэр 1837-рэ илъэс.

## КIЭУХ

Гоголыр Париж щыIэу Пушкиныр дуэлым зэрэхэкIодагъэм икъэбар зэхихыгъ. Пушкиным дунаир зихъожьыгъэр щылэ мазэм и 29-м стилыжъым тетэу, стилыкIэмкIэ мэзаем и 10-м (1837-рэ илъ.) щэджэгъоужым сыхьатыр 2-рэ мин. 45-р ары. А къэбарыр Гоголым къызынэсыгъэр мэзаер ары. Ащ ехьылIагъэу игукъэошхо къыриIотыкIэу ыкIи ищыIакIэ Пушкиным мэхьанэу щыриIагъэр зыфэдагъэр къыгъэлъагъоу усэкIошхоу, иныбджэгъоу, иIэпыIэгъоу щытыгъэ Плетневым гъэтхапэм и 16-м къыфетхы. А письмэм щыхегъэунэфыкIы аущтэу зэрэхъугъэр ежь ышъхьэкIи обществэмкIи гукъэошхоу, бгъэтэрэзыжьын умылъэкIыщт катастрофэу зыкIилъытагъэр: «Урысыем къикIэу ащ фэдэ къэбар дэй къэIуныгъэеп. ГушIуагъоу щыIакIэм щысиIэгъэ пстэури, анахь гушIогъо лъапIэу сиIэгъэ пстэури ащ дэкIодыжьыгъ. Зы сатырэ закъуи стхыгъэп ар сапашъхьэ итэу къысшIомышIэу. Сыд къысиIона, сыдым гу лъитэщта, сыда щхэн ышIыщтыр, сыда мыкIодыжьынэу егъашIэм щыIэнэу къыIощтыр — джа зызакъор ары сшъхьэ илъыгъэр ыкIи скIуачIэ къэзыIэтыщтыгъэр».

Мыщ ыуж итэу, гъэтхапэм и 30-м, Урысыем къыгъэзэжьынэу къелъэIущтыгъэ Погодиным къыфетхы: «Уадэжь сыкъэкIонэу укъысэлъэIу. Сыд пая? Тадэжь усакIохэр егъашIэм зыхэтхэр сэри къысэбгъэхъулIэ пшIоигъоу ара?.. Сыд пае сыкъэкIожьыщта?.. ЗэкIэми, гукъао зымышIэхэри зэрахэтэу ашIокIодыгъэр агу къеуагъэу къысфэотхы. Адэ сыда ар щыIэ зэхъум, шIоу фашIэнэу ахэм агу илъыгъэр? Хьылъэхэу, такъикъ хьылъэхэу Пушкиным ыщэчыгъэхэм сэ сыряшыхьатба?»

«Пушкиным фэгъэхьыгъэу гущыIэ заул» ыIоу Гоголым ытхыгъэм къыщеIо: «Пушкиныр зыпэпшIын щыIэп... ар илъэс шъитIукIэ зыхахъоу кIозэ къэхъущт цIыфым фэдэнкIи мэхъу».

Илъэс шъитIум къехъоу кIогъахэм ащ фэдэ цIыф къэхъугъа, къэмыхъугъа? Ащ иджэуап хэти ежь ерэгупшыс!

Ау а тхэкIошхуитIум ацIэ зэгопчын умылъэкIынэу, лIэшIэгъу тIурытIур ежьхэр псаухэу щыIэхэ зэхъум зэрэщытыгъэм фэдэу, тэ непэ къытлъыIэсыжьыгъэу тигъус. Ары, ахэр зэгъусэхэу, тIури лъэшхэу тыкъагъэбаеу, тикультури, тизэхэшIыкIи къаIэтэу, яцIыфыгъэшхуагъэ тыкъиIэтэу тигъусэх.

... Мары тикъэлэ кIоцIи мыуцухэу машинэхэр щэзечъэх, цIыфхэр ягуапэу щызекIохэу ыгузэгу шъыпкъэм кIэракIэхэу урамхэр щыпхырэкIых — тIури зэпхыгъэх, Пушкиным иурам Гоголым иурам къыхэкIы. Арэу зышIыгъэм ышIэрэм имэхьанэ къыгурыIоу, акъыл хэлъэу ышIыгъ! «Тхьауегъэпсэу!» етэIо ащ!

Мы очеркыми иухыгъом къытефэу кIэу агъэуцугъэ кинофильмэу «Тарас Бульба» къагъэлъагъоу къырагъэжьагъ. А произведениери Пушкиным ыцIэ епхыгъ...

Арышъ, Теуцожь Цыгъо «Ти Пушкин» зэриIуагъэу, тэри «Ти Пушкин, ти Гоголь».

Спортым илIыхъужъхэмрэ тигупшысэхэмрэ

# ТАРИХЪЫМ ИIОТАКIОХ, ЩЫСЭ АТЫРАХЫ

***Адыгэ къэралыгъо университетым физкультурэмрэ дзюдомрэкIэ иинститут спортым илIыхъужъхэм яаллее къыщызэIуахыгъ. Олимпиадэ джэгунхэм, дунаим, Европэм ячемпионхэм ябюстхэр институт Iупэм къыщэлъагъох.***

***Илъэс 30 фэдизкIэ узэкIэIэбэжьмэ, сурэтышIэу Ацумыжъ Аскэр тиспортсменхэу дунэе зэнэкъокъухэм, Олимпиадэ джэгунхэм дышъэ медальхэр къащыдэзыхыгъэмэ ябюстхэр ышIынхэу ригъэжьэгъагъ.***



**Спортым илIыхъужъхэм яаллее итеплъ.**



**Спортым илIыхъужъхэм афэгъэхьыгъэ аллеем икъызэIухын хэлэжьагъэхэр.**

— Iофыр къинэу лъыкIуатэщтыгъ, — еIо Ацумыжъ Аскэр.— Бюст пэпчъ гупшысэ шъхьафкIэ уекIолIэн фае. Спортсменхэм ясурэтхэр зэзгъэгъотыгъэх, сызыIукIэн слъэкIыщтхэм саIукIагъ, симастерской къезгъэблагъэхэзэ бюстхэр згъэпсыщтыгъэх.

Спортым илIыхъужъхэм яаллее ишIын кIэщакIо фэхъугъэр СССР-м изаслуженнэ тренерэу я XX-рэ лIэшIэгъум Урысыем дзюдомкIэ итренер анахь дэгъукIэ къыхахыгъэ Кобл Якъуб ары.

— ШIэжь тиIэным, гъэсэныгъэм, щыIэныгъэм инэмыкIырэ лъэныкъохэм зафэбгъэзагъэми, бюстхэм тарихъ мэхьанэрэ пIуныгъэ кIуачIэрэ яIэу сэлъытэ, — еIо Адыгэ къэралыгъо университетым физкультурэмрэ дзюдомрэкIэ иинститут иректорэу, педагогикэ шIэныгъэхэмкIэ докторэу, профессорэу Кобл Якъубэ. — Лъэшэу тыфэраз скульпторэу, сурэтышI IэпэIасэу Ацумыжъ Аскэр. Тхьаусыхагъэп, Iофым ыгъэпшъыгъэуи къытщыхъугъэп. Адыгэ Республикэм, лъэпкъэу зыщыщым гукIэ зэрафэлажьэрэр тлъэгъугъэ.

Олимпиадэ джэгунхэм, дунаим, СССР хэгъэгушхом дзюдомкIэ ячемпионэу Владимир Невзоровым джырэблагъэ къызэрэтиIуагъэу, Адыгеир спортым ишIуагъэкIэ дунаим щязыгъэшIэгъэ лIыхъужъхэм тарихъым хэмыкIокIэщт нэкIубгъохэр къагъэнагъэх.

### Ядышъэ медальхэр къытфэшIэтых

Владимир Невзоровым, Тао Хьэсамбый, Владимир Дутовым, Гостэкъо Хьумэр, Емыж Арамбый, Абрам Агамирян, Алхъо Сыхьатбый, Анна Кареевам, Анна Игнатченкэм, Яна Усковам, нэмыкIхэми ябюстхэр лъэгъупхъэхэу институтым идэпкъхэм ягъэпкIыгъэх.

Мыекъопэ бэнэпIэ еджапIэм лъапсэ фэзышIыгъэ Кобл Якъубэ ыныбжь илъэс 70-рэ зэрэхъугъэм ехъулIэу спортым илIыхъужъхэм яаллее къызэрэзэIуахыгъэр «Адыгэ макъэм» къыщыхэтыутыгъагъ. Юбилей зэхахьэм Адыгэ къэралыгъо университетым иректорэу, профессорэу Хъунэго Рэщыдэ, Олимпиадэ джэгунхэм ячемпионэу Владимир Невзоровыр, нэмыкIхэри къызыщэгугъыIэхэм, спортымрэ щыIэныгъэмрэ зэрэзэпхыгъэхэр щысэ гъэшIэгъонхэмкIэ къаIотагъ.

Дзюдо бэнакIэр къызыщежьэгъэ Японием ихэшыпыкIыгъэ командэ Адыгеим испортсменхэр Мыекъуапэ зэрэщытекIуагъэхэр зыгъэшIагъорэр макIэп. СССР-м дзюдомкIэ изэнэкъокъухэм медаль 32-рэ къызыщыдахым, а пчъагъэм щыщэу 13-р Адыгеим ибэнакIохэм къафагъэшъошагъ. Кощхьаблэ щапIугъэ батырэу Чыржьын Мухьарбый Олимпиадэ джэгунхэм дышъэ медалыр къазэрэщихьыгъэр IэкIыб къэралыгъомэ яжурналистхэм зэрагъэшIагъощтыгъэр спортым пыщагъэмэ ащыгъупшэрэп. Ары, Москва изакъоп — адыгэ къоджэ цIыкIухэми спортсмен цIэрыIохэр къадэкIыгъэх.

Адыгэ къэралыгъо университетым спортым илIыхъужъхэм афэгъэхьыгъэ аллеер къызэрэщызэIуахыгъэр дэгъу, тырэгушхо. Кобл Якъубэ тызэрэщигъэгъозагъэу, бюстхэм ахагъэхъощт. Гугъэ дахэу иIэмэ ащыщ тиспортсменхэр тапэкIи Олимпиадэ джэгунхэм, дунэе зэнэкъокъухэм дышъэ медальхэр къащахьынэу.

Адыгэ къэралыгъо университетым щеджагъэхэм, Iоф щызышIагъэхэм ябюстхэр арых спортым илIыхъужъхэм яаллееу институтым къыщызэIуахыгъэм къыхэуцощтхэр. Арышъ, гумэкIэу тиIэхэм къахэхъо.

### Къалэм чIыпIэ къыщагъотынба?

**Мыекъопэ къэралыгъо технологическэ университетыр, искусствэхэмкIэ Адыгэ республикэ колледжыр, нэмыкI еджапIэхэр къэзыухырэ тиспортсменхэу Олимпиадэ джэгунхэм, дунэе зэнэкъокъухэм дышъэ медальхэр къащыдэзыхыгъэмэ ябюстхэр тыда зыщагъэуцущтхэр?**

ЗэкIэ спортсменхэм ябюстхэр ашIынхэм мылъкоу пэIухьащтыр макIэп. Ари къызыдэплъытэкIэ, хэкIыпIэмэ уягупшысэн фаеу уахътэ къыокIу. Спортым илIыхъужъмэ ясурэтхэр аллее шъхьафым къыщыбгъэлъэгъонхэ плъэкIыщт.

### Ермэлхьаблэ щытлъэгъугъэр

Ермэлхьаблэ изыгъэпсэфыпIэ парк лъэгъупхъэу къыщызэIуахыгъ Советскэ Союзым и ЛIыхъужъхэм яаллее. ЛIыхъужъхэм ясурэтхэр пхъэмбгъум егъэпкIыгъэх, лIыгъэу зэрахьагъэр атетхагъ.

Щытхъу пхъэмбгъухэм спортсменхэм ясурэтхэри ащыолъэгъух. Дунэе кризисыр телъхьапIэ тымышIэу Советскэ Союзым и ЛIыхъужъхэм, Адыгеим щыщэу спортым лIыхъужъыныгъэ щызезыхьагъэмэ ясурэтхэр къызыщагъэлъэгъощтхэ аллее Мыекъуапэ къыщызэIуахын алъэкIыщтэу тэлъытэ. Iофым зыфежьэхэкIэ, общественнэ организациехэр, журналистхэр, нэмыкIхэри чанэу къызэрэхэлэжьэщтхэм тицыхьэ телъ.

Заом лIыхъужъыныгъэ щызезыхьагъэхэри, мамыр IофшIэнхэр агъэцакIэзэ щытхъуцIэхэр къэзылэжьыгъэхэри, спортым дышъэ медальхэр къыщыдэзыхыгъэхэри тэгъэлъапIэх, щысэ атетэхы. Щытхъур афэтIоныр типшъэрылъ лъапIэмэ зэу ащыщ.

*НэкIубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр*
*ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

---

Къыблэ шъолъырым изэнэкъокъухэр

# Угрюмовым и Кубок фэбэнагъэх

***Урысыем и Къыблэ шъолъыр щынэгъончъагъэмкIэ икъулыкъушIэхэм бжымкIэ зэзэонхэмкIэ язэIухыгъэ зэнэкъокъухэр Ростов-на-Дону щыкIуагъэх. Спортсменхэр Урысыем и ЛIыхъужъэу, адмиралэу Герман Угрюмовым ыцIэкIэ агъэнэфэгъэ Кубокым икъыдэхын фэбэнагъэх. Къулыкъур ахьызэ фэхыгъэхэми зэнэкъокъухэр афэгъэхьыгъагъэх.***

Дагъыстан, Къалмыкъым, Адыгеим, Краснодар краим, Астрахань, Ростов-на-Дону, Къэбэртэе-Бэлъкъарым, Темыр Осетием, Къэрэщэе-Щэрджэсым, Волгоград, нэмыкIхэми яспортсменхэр зэIукIэгъумэ ахэлэжьагъэх.

Адыгэ Республикэм икомандэ хэтыгъ Хьамид Хамзатхановыр. Килограмм 85-м нэс къэзыщэчырэмэ ар янэкъокъугъ, ящэнэрэ чIыпIэр къыдихыгъ.

Урысыемрэ Адыгеимрэ язаслуженнэ тренерэу Хъот Юнысрэ тренерэу Тыгъужъ Алыйрэ агъасэ Хьамид Хамзатхановыр.